


JEHOVHA-JIRE ¹

 Ngatimborambai takamira kwechinguvana takakotamisa misoro yedu kuti tive neshoko remunamato. Tichikotamisa misoro yedu, handizive manheru ano kuti vangani vangade kurangarirwa mumunamato, uine chimwe chinhu pamoyo pako chaunoda kuti Mwari vakuitire, ingosimudzai maoko enyu. Ishe ngavape zvikumbiro izvi zvino apo patiri kukotamisa misoro yedu nemoyo yedu pamberi paVo.

² Baba vedu veKudenga, tiri kuuya paChigaro cheNyu cheNyasha zvakare, muZita raJesu Kristu, Mwanakomana mukuru waMwari. TinoKutendai nemukana wekuuya tiine kugutsikana kwekuti Muchanzwa pamwe nekupindura zvatinokumbira. Tinonamata, Baba, kuti mutiregererewo zvivi zvedu, kunova, kusatenda kwedu. Uye, Baba, tinonamata kuti Mugotipa kutenda, kutenda kwakawanda manheru ano. Uye Munoziva zvanga zviri kuseri kweruoko rwose uko, pakadzika pemoyo. Vanga vachida chimwe chinhu, Ishe. Vasimudza ruoko rwavo nekuremekedza, vachitarisira chimwe chinhu kubva kwaMuri. Uye ndinonamata, Baba veKudenga, chingadai chiri chii zvacho, kuti chigopiwa kuvanhu ava.

³ TinoKutendai nekutishanyira manheru apfuura. Tinonamata kuti Mugodzoka kwatiri manheru ano muhuwandu hwesimba nenyasha, uye mugotipa zvishuwo zvemoyo wedu, nekuti, chokwadi chishuvo chedu ndechekuita Kuda kweNyu nekuona Kuda kweNyu kuchitwa. Uye tinoziva zviri Kuda kweNyu pamusoro pevanorwara, kuti Makaiswa mavanga kumusana kweNyu kuti tigopodzwa, “Nemavanga aKe takapodzwa.” Uye, Baba, tinonamata kuti—kuti Kuda kweNyu kukuru kuitwe manheru ano, kutipe kutenda kwekuti tigotenda izvozvo, muhuzhinji, kuti munhu wese anorwara agopodzwa, zvakare munhu wese akarasika arangarire kuti Akakuvadzwa nekuda kwekudarika kwedu. Zviiteiwo, Ishe.

⁴ Ngavazive kuti chero bedzi pachiiine chi—Chibayiro chine ropa Ikoko kuitira ivo, zvivi zvavo hazvigone kuonekwa naMwari. Asi kana vakafa vasina kuZvipupura pachena uye nekuZvigamuchira, uye nekuberekwa patsva, hapazova neimwe nzira zvachose kwavari yekuti vapinde nayo muHumambo uhwu. Uye dai huno hukava husiku hwekuti munhu wese asiri pasi peRopa achimbidze kuverevedza achienda pasi peRopa manheru ano, muZita raIshe Jesu. Uye tichaKupai rumbidzo. Amen.

⁵ Mukana wakakura kwazvo kuva pano manheru ano uye nekuti nditaure zvakare. Uye manheru apfuura takava nenguva yakanaka kwazvo, kushanyirwa naShe. Asi ndakakuchengetai

kusvika nguva yapera. Handikwanise kupedza nenguva, neimwe nzira.

⁶ Zvaita sekuti tawana zuva rakati wandisei nhasi. Ndanga ndiri...Mwanakomana wangu mudiki, Joseph, anga akati nanga-nanga neni kuti tiende kunotuhwina. Saka panzvimbo patiri kugara pane kadziva kadiki, kakaita sokukomberedzwa nefenzi kuseri ikoko, zvino iye ndokuti, “Huyai, muzondiona, baba. Ndinogona kutuhwinha.”

Ini ndikati, “Zvakanaka.”

⁷ Ndadzikako mangwanani ano, ndikatora Bhaibheri rangu, nemamwe ma...kuti ndinyore manotsi. Zvino pandanga ndichinzvera, iye...heuno ndokuuya akapfeka tuhembe twake twekushambira, ndokuti, “Nditarisei, baba, ndinogona kudhaivha mumvura!” Veduwee, kana ndakamboona datya richisvetukira mumvura! Uye ndokubva abuda, mvura ichitsatika kubva mumhino make nemumuromo, akati, “Ndagona zvakadii?”

Ndikati, “Uri kuita zvakanaka.”

⁸ Zvino ndakazofunga pane imwe nguva yandakambotaura zvimwe chetezvo kuna baba vangu. Chimwe chidziva chidiki, tisati tasvika pokuenda kurwizi, pakanga paine chidziva, uye isu vana taitozoita zvekubvisa tsvina yegirinhi kubva machiri, uye taizo...mvura yacho yakanga isina kudzika zvingapfuura mainji matanhatu. Zvino ndaigara ndichiudza baba vangu kuti, “Ndinogona kushambira.”

⁹ Saka mamwe masikati eSvondo vakafamba ndokuuya kunze ikoko. Uye paive nechibhokisi chemapuranga chaive chakagara ipapo. Zvino ndakaenda kuseri mumakwenzi ndokukurura hembe dzangu, dzaivepo dzokuti ndibvise; kwaive kungodhonza chipikiri chimwe chete, munoziva. Zvino vangani vakamboona chimwe chakadaro? Nhaika. Ndakangopfeka kahovhorosi, kasina masikurubhande; kangori ne—netambo yekusungisa mabhero yakachinjika, semasikurubhande, uye yozoita bhatani rimwe chete rechipikiri. Kungodhonza chipikiri ichi chete, ndizvo zvega zvaunofanira kuita, wobva wasvetukira mukati macho. Saka ndakakwira pamusoro pechibhokisi ichi ndokubata mhuno yangu, munoziva, ndokuchirika ndichipinda imomo, uye matope ndokusimuka kusvika mudenga *zvakadai*. Baba vangu vakagara pasi neche uko, vakanditarisa. Ndikati, “Ndiri kugona zvakadii?”

¹⁰ Vakati, “Buda imomo uende kunogeza!” Ndanga ndichifunga kuti yave nguva yakareba sei pazvakaitika!

¹¹ Uye, munoziva, nguva inogotisiya, haidaro here? Isu hatingorina nguva, zvinoita saizvozvo, zvachose, yekuita zvinhu. Uye nguva haina wairi kumirira. Saka tinofanira kushanda tichiri kukwanisa, nekuti nguva iri kuuya apo chizvarwa chino chichaenda, uye kuchava nechimwe chizvarwa chichauya,

ndokunge kana paine chimwe chizvarwa. Chokwadi chaizvo, ndinozvitaure nemoyo wangu wese, (handizive paAchauya; hapana kana mumwe wedu anoziva), asi, chokwadi, handitendi kuti kuchave nechimwe chizvarwa. Ndinotenda kuti Kristu achauya muchizvarwa chino. Handizive kuti nguvai, zvino, hungava husiku huno kana kuti angava makore gumi kubva zvino, kana makumi maviri, asi ndinotenda kuti Achauya muchizvarwa chino. Ndiri kuzvitenda izvozvo. Kana Akasauya, ndinoda kungorarama seAri kuuya, zvakadaro, nekuti ndinoziva kuti rinogona kuva zuva rangu rekupedzisira, kana zuva rako rekupedzisira.

¹² Uye zvino, rangarira, kana tikaenda Asati auya, tichava kumusoro uye tiri muHupo hwaKe, kana kuti, tichamutswa vamwe vasati vashandurwa. “Hwamanda yaShe icharira, vakafa muna Kristu vachatanga kumuka. Zvino isu vapenyu vakasara tichashandurwa kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso, uye tobvutwa pamwe chete navo, kunosangana naShe muchadenga.” Tarisai hurongwa hwekumuka kwevakafa. Munoono, Mwari vanoziva kuti tinoshuvira kuona vadikanwi vedu. Uye kuri kunzi tasvikako kuti tigosangana naYe kutanga, tinenge tichitarisatarisa kuti tione kana amai kana kuti baba nevamwe vose variko. Asi munoono here, Mweya Mutsvene muhuchenjeri hwaKe? Tinotanga tasangana mumwe nemumwe, zvino ipapo kana tasvikako toimba *Nyasha Dzinoshamisa*, ndipo pachazova nenguva yekunamata. Munofunga kuti ndinoita zvinosetsa zvino, nditarisei kumusoro ikoko! Ichange iri nguva yakanakisa kwandiri uye nesu tose kana tasvika Ikoko.

¹³ Zvino ngativerengei zvimwe kubva muBhaibheri rekare rakaropafadzwa pano manheru ano. Ngativhurei kuna VaRoma, chitsauko 4, uye tiverenge chikamu kubva muBhuku raVaRoma. Ndinoda kuverenga nzvimbo mbiri manheru ano, kubva muna Genesi uye nekubva muBhuku raVaRoma. Zvino muBhuku raVaRoma, chitsauko 4, ndima 17.

(Sezvazvakanyorwa zvichinzi, Ndakakuita baba vemarudzi mazhinji,) pamberi paiye waakatenda, kunyange Mwari, anomutsa vakafa, uye anodana zvisipo sekunge zviripo.

Uyo pasina tariro akatenda kutariro, kuti agozova baba vemarudzi mazhinji; maererano nezvakanyorwa zvichinzi, Ndizvo zvichaitawo mbeu yako.

Haana kushaya simba pakutenda, asingafunge muviri wake wakanga watofa hawo, zvaave nemakore anenge zana, kunyange . . . kufa kwechizvaro chaSara:

Haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari nekusatenda; asi wakasimba pakutenda, achipa mbiri kuna Mwari;

Uye akanyatsogutsikana zvakazara kuti, icho chaakavimbisa, akange achikwanisa zvakare kuchiiita.

Naizvozvo zvakaverengerwa kwaari kuti kururama.

Zvino zvakanga zvisina kunyorwa nekuda kwake oga, kuti zvakaverengerwa kwaari;

asi nekweduwo, tichaverengerwa, isu kana tikatenda kuna iye wakamutsa Jesu Ishe wedu kubva kuvakafa;

Wakakumikidzwa kurufu nekuda kwemhosva yedu, uye akamutswazve kuti tinzi takarurama.

¹⁴ Oo, ndinozvida sei izvi! Ndiri rimwe reMagwaro andinofarira kuverenga muBhaibheri, nekuti rakanyatsonanga kune izvo Mwari vaive, zvaVakavimbisa uye vakapika kuti Vachazoita. Uye zvino ndasarudza chidzidzo ichi nekuti ndinofunga kuti pane musangano upi zvawo, kuona kutenda kwatakaona kuchishandiswa pano nezuro manheru, zvokuti hapana munhu aive asina simba pakati pedu asi kuti vakapodzwa. Izvo kuti simba raMwari rakauya uye nezvaVakaita! Zvino ndakafunga, kana tikakwanisa kuvakira pane chimwe chinhu chakanaka, tichiva ne—nekubudirira pane chinangwa, zvino zvingave zvakanakisa sei kana tasvika pahusiku hukuru ihwohwo kana nguva yepanhongonya.

¹⁵ Uye tinofanira kuyeuka kuti hapana chinogona kuitwa pasina kutenda, uye zvinofanira kutanga zvapupurwa. Nekuti iYe ndiye—ndiYe Muvambi wekutenda, tinozviziva izvozvo, uye kuti hapana chinogona kuitwa pasina kutenda. Uye pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari.

¹⁶ Uye zvino iYe ndiye Muprista Mukuru wekupupura kwedu. Zvino iyi—iyi King James pano, muBhuku raVaHebheru, inoti “kureva.” *Kureva* ne *kupupura* chinhu chimwe chete, kureva nekupupura. *Pupura* zvinoreva “kutaura chinhu chimwe chete”: “Nemavanga aKe ndakapodzwa,” munoono, “Zvino neHupenyu hwaKe ndakaponeswa.” Uye iko zvino, chekutanga, tinofanira kuzvipupura; uye anogara seMurevereri, uye Murevereri ega pakati paMwari nemunhu, uye Agere ipapo kuti areverere pane zvatinozvipupura kuti Akaita. Chinhu chaka—chakanakisa, chakasimba zvakadii ichi!

¹⁷ Uye zvino ndinoda kuverenga rimwe Gwaro, rinowanikwa muBhuku ra—raGenesi, chitsauko 22, uye ngatitangirei kuverenga pano nechepandima 7.

Zvino Isaka akataura naAbrahama baba vake, akati, Baba vangu: zvino iye akati, Ndiri pano hangu, mwanakomana wangu. Zvino akati, Hoyu moto nehuni: asi gwayana rechibairo chinopiswa riripiko?

Abrahama akati, Mwanangu, Mwari uchapa amene gwayana rechibayiro chinopiswa: naizvozvo vakafamba vose vari vaviri.

Zvino vakasvika panzvimbo iyo Mwari vakange vamuudza nezvayo; Abrahama ndokuwaka artari ipapo, ndokuisa huni muhurongwa, ndokusunga Isaka mwanakomana wake, ndokumuradzika pa—paartari pamusoro pehuni.

Zvino Abrahama akatambanudza ruoko rwake, akatora banga kuti abaye mwanakomana wake.

Ipapo mutumwa waJEHOVHA akadanidzira kwaari ari kudenga, akati, Abrahama, Abrahama: iye akati, Ndiri pano hangu.

Zvino iye kati, Usaisa ruoko rwako pamukomana uyu, kana kumuita chimwe chinhu: nekuti zvino ndinoziva kuti iwe—kuti iwe unotyia Mwari, nekuona kuti iwe. . . hauna kundinyima mwanakomana wako mumwe chete.

Zvino Abrahama ndokusimudza meso ake. . .zvino tarira shure kwake gondobwe rakanga rakabatwa muminzwa nenyanga: zvino Abrahama ndokuenda akatora gondohwe, akaripirisa pamusoro pe. . . sechipiriso chinopiswa panzvimbo yomwanakomana wake.

Abrahama ndokutumidza zita renzvimbo iyi kuti, Jehovha-jire: sezvazvinonzi nanhasi, Pagomo raJEHOVHA zvichaonekwa.

¹⁸ Chandinoda kutora chiri chidzidzo ipapo, kana chinganzi chidzidzo, *Jehovha-Jire*, izwi iri rinoreva kuti “Jehovha achazvipa chibayiro pachaKe.” Kana asina chimwe chete, Anogona kupa chimwewo. Ndinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo. Zvino chidzidzo chikuru ichi! Uye zvino kuverenga ipapo, izvo “Abrahama haana kudzedzereka pavimbiso kubudikidza nekusatenda; asi akanga akasimba, achipa kurumbidza kuna Mwari.”

¹⁹ Zvino, Abrahama ndiye uyo Mwari vakaita sungano nevimbiso kwaari; uye Abrahama, kwete iye oga, asi neMbeu yake yaizouya shure kwake, “Abrahama neMbeu yake.” Uye zvino rangarirai izvi zvino. Kana takafa muna Kristu, tiri Mbeu yaAbrahama kana takazvarwa patsva. Zvino, ngatingwarire pamusoro peizvi zvino patiri kudzidza chidzidzo ichi. Uye zvino kana mukanyatsoteerera, ndine chokwadi kuti Mweya Mutsvene achazvizarura kwamuri. Muchabata tariro yacho, uye ichavhenekera guta iri nezvose zvakakupotedzai, kana tikangatora nguva yedu tobata pfungwa yacho, izvo Mweya Mutsvene ari kuedza kusvitsa kwatiri. Zvino, Abrahama, akadanwa, ndiye akapiwa vimbiso, kuna Abrahama neMbeu yake.

²⁰ Zvino kune zvakawanda nhasi, shamwari, zvinonzi Chikristu, asi zvisiri Chikristu.

²¹ Zvino, handingofariri kutaura izvi. Asi ndingasva ndamira pano ndive nemukurumbira pakati pevanhu, uye—uye munhu wese achikubhabhadzira kumusana kwako, uye nezvose zvakadaro. Asi zvino ndinofanira kuzosangana neboka iroro paKutongwa, kuti ndipindurire pamusoro pazvo. Saka ndi—ndinofanira kungotaura chokwadi.

²² Zvino tinogona kutarisa paungano, uye nepanyika nhasi, pane zvinonzi Chikristu, uye toona kuti zviru kure nemamaira miriyoni kubva kuChikristu. Uye zvakafanotaurwa muBhaibheri kuti zvichazova saizvozvo. Zvino vazhinji vanogamuchira Kristu nenzira yokungoti, “Zvakanaka, ndinoMutenda.” Manje, dhiyabhore anotendawo zimwe chetezvo. Maona? Uye vazhinji vavo vanoedza kuzvigamuchira nemanyawi, vachiti, “Zvakanaka, ndakataura nendimi. Ndakatamba muMweya.” Ndakaona n’anga dzichiita zimwe chetezvo, uye nevanotamba zvemadhimoni muAfrica; chokwadi, vachitaura nendimi, nekunwa ropa kubva mudehenya remunhu, uye vachidana pana dhiyabhore. Amai vangu muIndia, muIndia muchidimbu, ne—nevanhu vavo. Ndakavaona vachitora penzura voiisa pasi *saizvozvo*, ndokuona penzura ichimhanya ichinyora nendimi dzisingazivikanwi, ivo vakamira ipapo uye vodzidudzira, vachidana pana dhiyabhore. Chokwadi. Munooni, haugone kufamba nemanyawi. Munooni, hupenyu hwako hwaunorarama hunopupura zvauro. Maona? Hazvina mhosva kuti imhando ipi yekutekenyedzwa, haugone kuvakira Chikristu pane kutekenyedzwa kupi hako.

²³ Hupenyu! Jesu akati, “Muchavaziva nezvibereko zvavo.” Kwete nekupupura kwavo, kwete nezvavanotaura. Uye Jesu akatiwo zvakare, “Munoswera pedyo neNi nemiromo yenyu, asi moyo wenyu uri kure neni.” Ndiko, ndiko kupupura kwavo. Munooni, hupenyu hwako hunozivisa zvazviri. Uye kana munhu achiti anotenda Mwari, uye achiramba Shoko rimwe chete reBhaibheri iri, kana kuRishandura neimwe nzira, handiti zvinofanira kunge zvakatsveyama.

²⁴ Unoti, “Hazvina mutsauko wazvinoita pazvinhu zvidiki izvi.” Zvirokwazvo zvinoina mutsauko.

²⁵ Shoko rimwe chete diki ndiro rakatipinza mudambudziko rose iri; kwete kusaRitenda, asi kungoRiisa panzvimbo pasiripo. Evha akangova naSatani kuti apotse, akangomupa chimwe kachikonzero. Zasi kweHama Williams, ndichangobva mukufamba nenyaya iyoyi zasi kuSanta Maria. Ndicho chinhu chakatibuditsa kubva mubindu reEdheni, ndokukonzera mwana wese anorwara. Sekuti, ndanamatira mwana mucheche akaoma mitezo akarara apo, nguva shoma yapfuura, ndichipinda. Chii chakakonzera izvozvo? Nekuti Evha haana kumboRipokana, asi akangotora imwe pfungwa, yekuti zvingava zviine musoro izvi zvinenge zvakangonakawo. Asi zvakakonzera rufu rwose, hurwere hwose, kusuwa kwose, kurwadziwa nemoyo kwose.

Zvino tichadzokera imomo sei? Kana zvakakonzera—kana zvakakonzera makore zviuru zvitanzhatu zveizvi, ko tiri kuzodzokera sei nechimwe chinhu chisiri Shoko rose rakakwana nenzira yaRakanyorwa naro?

²⁶ Dhiabhore akakunda hondo parudzi rwevanhu kubudikidza nekushandisirana njere nerudzi rwevanhu. Kungoshandisa njere, “Sei, zvine musoro kushandisa njere kuti *izvi* zvichazodai? Zvine musoro kushandisa njere.” Kana kushandisa njere kuchipesana neShoko, saka kushandisa njere kwacho hakuna kururama! Shoko rakarurama, sekungonyorwa kwaRakaitwa! Usaise dudziro ipi zvayo yepakavanzika. IngoRitaura nenzira yaRakanyorwa nayo, uye woRitenda saizvozvo. Maona? Mwari ndivo vakaona nezvaRo. Ringori chaizvo sezvaRinofanira kuva riri, saka ngatingoRitendai saizvozvo.

²⁷ Zvino, iShoko, Shoko rose! Zvese...Mweya Mutsvene uri mumunhu; mutsara wese wemuBhaibheri, Mweya Mutsvene uri mauri unotsinhira na “ameni,” nekuti Mweya Mutsvene ndiwo wakanyora Bhaibheri. Uye kana Ari mauri, Angagoti sei, “Manje, Zvakanga zviri zverimwe zera izvi, Zvakanga zviri *zveiri*, kana kuti Zvaiva *zveiro*”? Angagozvitaure sei uye achive Mweya Mutsvene mauri? Haukwanise kuzviita. Anofanira kuti “ameni” kwaRiri!

²⁸ Zvino, sezvandakambotaura rimwe zuva, chinhu chekutanga Mwari chavakapa vanhu vaVo, kuvachengetedza, raiva Shoko. Uye haVana kumbobvira vashanduka. Havagoni kushanduka. Zvino, zvitendwa hazvishande, masangano haashande, dzidzo haishande, hapana chimwe chezvinhu izvi, chimwe nechimwe chazvo chakakundikana zvachose uye chichakundikana. Pane Chinhu chimwe chete chichashandiswa, ndiro Shoko.

²⁹ Uye nzira imwe chete yatinogona kuuya nayo kuburikidza neShoko, kuburikidza neRopa. Nzvimbo chete iyo munhu upi zvake ati ambonamata Mwari, aitofanira kuuya pasi peRopa. Hapana imwe gadziro zvachose. Haukwanise kuuya pasi pezita reMethodisti, haukwanise kuuya pasi pezita rePentekosti, haukwanise kuuya pasi pezita reKatorike. Kune machechi akawanda eKatorike, akasiyana-siyana, akasiyana imwe kubva kune imwe, maOrthodox, nemaGiriki, nemaRoma, uye vakangoparadzana zvakashata semaProtestanti. MaProtestanti, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, Katorike, oo, ose, marudzi akasiyana-siyana. Uye hawo paari, munooni. Asi pane nzvimbo imwe chete yekuyanana, iri pasi peRopa! Uye Ropa ndihwo Hupenyu, uye rinogara richiwirirana neShoko, nguva dzese neShoko.

³⁰ Zvino, tinoziva kuti hupenyu huri mumunhurume, huri muropa, chizenga cheropa. Kuburikidza neimomo sheshe inokwanisa kukandira zai, asi kana isina kumbosangana nejongwe, harichochoyeye. Chokwadi, harina chizenga

chepupenyu. Ndiyo nzira yandakawana, ndikataura zvakanwanda zvakanwasharara, ndichiti sheshe inogona kukandira dendere rizere nemazai, uye inogona kutendeseka kwaari sezvaingada kuva, inogona kuavhumbamira, uye nemapapiro ayo, uye yoapindura munguva pfupi yega-yega kuitira kuva nechokwadi chekuti anochechenya. Uye—uye inonzwa nenzara zvakananyanya, nekutsanya, painenge ichirarira padendere, kuvimbika kumazai iwayo, kusvikira yava kunzwise urombo zvekuti haichakwanisi kubhururuka kubva mudendere. Kana bedzi isina kumbosangana nejongwe, uye mazai aya asina mbeu, achagara mudendere iroro owora kana isina kumbosangana nejongwe. Ndizvo chaizvo.

³¹ Uye ndizvo zvinogona kunge machechi edu ave, ndokungatora boka pasi pekupupura kwakatonhora kwetutsika, kungotamba kusizinganzwisike kana mamwewo manyawi. Uye vanoitei? Havatendi Shoko, kusvikira tangova nedendere rakazara nemazai akaora. Yave nguva yekuchenesa dendere uye nekutanga patsva zvakare. Kusvikira vasangana neMurume, Kristu Jesu, uye vozvarwa patsva neShoko. Zvino anotofanira kuchechenya, nekuti Hupenyu.

³² Imwe nguva yapfuura ndaiva nekudya kwemasikati ne—nemumwe muparidzi mutana weMethodisti, uye ndakanzwa chirongwa cheNguva YeZvekurima panhepfenyuro kubva—kubva kuLouisville, ve4-H Club vakanga vachitaura, kuti “Vaive nemuchina waikwanisa kugadzira tsanga yechibage yakaita sokunge vakairima mumunda.” Vakati, “Inotogadzirawo mhando yemacorn flakes mamwe chete, mhando yechimodho chimwe chete, chaingova chibage chimwe chetecho. Kuchicheka saizvozvo, wochiisa pasi pechiedza, woenda nacho murabhoritari; Moyo wayo uri panzvimbo chaiyo, nezvese, uye chiine hunyoro hwakangofanana, calcium, potashi, zvese zviru muchibage zvingorimo imomo nenzira imwe chete.” Akati, “Ukangonokora chanza mutsaga rechibage chakarimwa mumunda, nemutsaga rechinogadzirwa nemuchina uyu, kana kuti wachakagadzira, wozvisanganisa, haugone kuona mutsauko neziso rako renyama, kana kuchicheka nepakati, kana chero sainzi dziipi hadzo hadzingambowana musiyano. Nzira bedzi yaungawana nayo mutsauko kwaiva kudzidyara muvhu.” Ndizvo zvinodzizivisa.

³³ Munhu anogona kutaridzika seMukristu, anogona kuita seMukristu, anogona kutevedzera Mukristu. Asi kunze kwekunge aine chizenga cheHupenyu mukati imomo, haakwanise kumuka zvakare; unofanira kuva nechizenga cheHupenyu mukati imomo, kuva neHupenyu Husingaperi.

³⁴ Uye chero munhu akadzidza chiGiriki, anozviziva izvozvo kuti “Ziyendanakuenda” rinobva paizwi rekuti Zoe, zvinoreva kuti “Hupenyu hwaMwari pachaVo,” hwakava chikamu chaVo; sezvauri chikamu chababa vako. Unova

chikamu chaMwari. Uye Hupenyu hwaMwari pachaVo hwakapatsanurwa huchiiswa mauri, uye haUgone kufa, nekuti ndeHweZiyendanakuenda. Chinhu chese chine mavambo, chinoguma; asi haVana kumbova nemavambo, saka haVakwanisi kuguma. NdeveZiyendanakuenda, uye iwe unogara muZiyendanakuenda pamwe naVo. Hauchagoni kufa sekuti iVo havangafe, nekuti wava chikamu chaVo. Wakaberekwa naVo. Ameni. Ndikaramba ndichitaura nezvazvo, zvino handizosvika kuchidzidzo ichi.

³⁵ Oo, ndinofara zvikuru kuva Mukristu! Ini—ini—ini—ini handigone kuchinjana nzvimbo nemumwe munhu munyika, kana vatungamiriri venyika, madzimambo. Kana kukanzi vandipa pasi rose, voti ndinogona kurarama makore miriyoni; mushure maizvozvo ndozofa, mushure memakore miriyoni. Asi zvino, miriyoni yemakore, manje, haingambove chinhu zvino, tinongoramba tichirarama, pasina rufu. Saka zvinofadza zvikuru kuva Mukristu!

³⁶ Ndanga ndichitaura nezvaAbrahama! Ngatidzokerei. Zvino tiri Mbeu yaAbrahama kana tiri muna Kristu. Uye kana uri Mbeu yaAbrahama, une kutenda kumwe cheteko kwaiva naAbrahama, nekuti kwaiva kutenda kwake kwatiri kutaura nezvako. Kunyanya muhechi zvino, iMbeu yehumambo yaAbrahama. Paiva nembeu mbiri dzaAbrahama. Imwe yadzo yaiva yepanyama, Isaka; imwe yaCho akanga ari Kristu, vimbiso. Naizvozvo kuburikidza naIsaka, Israeri yakaropafadzwa; kuburikidza naKristu, akava baba vemarudzi. Maona? Saka Mbeu yehumambo, yakakura sei kupfuura mbeu yepanyama yaAbrahama. Saka kana uri muna Kristu, une Mbeu yepamusoro-soro, yepamusoro-soro kune zvaiva Abraham, nekuti wakauya neMbeu yehumambo, Kristu. Kana makafa muna Kristu, zvino muri vana vaAbrahama, uye mune Mbeu yaAbrahama pamwe nekutenda kwaAbrahama. Uye kutenda kwaAbrahama kwaiva muShoko raMwari zvisinei nokuti kwaitikei. Akadana izvo zvakanga zvisipo sekunge zvakanga zviripo, nekuti Mwari vakataura kudaro. Ivimbiso yakadii iyi!

³⁷ Zvino ngatidzokerei shure muchidimbu tiwane hwaro kupfungwa dzedu. Ngatidzokerei kune, tisati tasvika kuna Jehovha-Jire, kuna Abraham. Ngatidzokerei, tidzokere shure zvishoma muMagwaro. Ngatidzokerei kuchitsauko 12. Taverenga pano muchitsauko 22. Ngatidzokerei kuchitsauko 12, sungano yakaitwa kuna Abraham. Zvino, sungano, pakanga paine nhatu . . . sungano mbiri.

³⁸ Zvino, Mwari vanokwaniswa muhutatu. Tinoziva manhamba aMwari. Kukwaniswa, muhutatu; kunamata, mune nomwe; negumi nembiri; uye makumi mana, muyedzo; makumi mashanu, iJubheri; nezvimwe zvakadaro, Mwari munhamba dzaVo—mune dzaVo. Zvino, Mwari Vanokwaniswa muhutatu; saBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; kururamiswa,

kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; nezvimwe zvakadaro.

³⁹ Zvino, pakanga paine sungano mbiri. Imwe yacho yaiva sungano yaAdhamu. Mwari vakaita sungano nemunhu, “Kana iwe ukadai, iNi ndichadai.” Zvino akaityora. Zvino Mwari ndokuita sungano naNoa; ndiyo yakanga iri sungano yaNoa, zvakare yakatyorwa.

⁴⁰ Zvino Vari kuita sungano yaAbrahama. Uye sungano yaAbrahama, maringe naGenesi chitsauko 12, yakapiwa pasina zviga. Naizvozvo ndeyeZiyendanakuenda, nekuti haina zviga. Kwete kuti “Kana ukadai, Ndichadai.” Vakati, “Ndakazviita! Ndakatozviita kare.” Kwete “Ndichazviita.” “Ndakatozviita!” Ndizvo, oo, ndihwo, hwaro hwekutenda. Munoono, kwete... Mwari vakatsunga kuponesa munhu. Vakaita sungano, “Kana ukadai, Ndichadai,” aingoityora. Imwe zvekare, “Iwe ukazodai, iNi ndichazodai,” akaityora. Munhu haakwanise kuchengeta sungano yake, saka Mwari vanoponesa munhu nenyasha dzaVo, pasi pesungano isina zviga, sungano isina zviga. Oo, ini zvangu! Isingapere, ndidzo dzese; nhatu, kukwaniswa. Noa, Abrahamu, uye ndinoreva... Kwete. Adhamu, Noa, naAbrahama. Zvino, ndicho chikonzero tiri vana vaAbrahama, sungano iyoyo haigone kuguma, haiperi, nekuti haina zviga. Haisi... Hazvisi zvekuti *iwe* unoita chimwe chinhu; chikonzero ndechekuti Mwari vakaita chimwe chinhu! Kwete nekuti wakasarudza Mwari; Mwari vakakusarudza iwe! Unozvitenda here izvozvo?

⁴¹ Vanhu vanoti, “Oo, Hama Branham, ndakatsvaga Mwari ndikatsvaga Mwari!” Zvino iwe hauna! Ndinovenga kukuudza izvozvo, asi iwe hauna. Mwari ndivo vakakutsvaka. NdiMwari vaikutsvaga.

⁴² Jesu akati, “Hamuna kuNdisarudza; Ndakakusarudzai. Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Zvino, munoono, zvakanga zvisiri. Hapana munhu anogona kuzvirumbidza pane chero chinhu. NdiMwari! Oo, zvinoshamisa sei kuona nya—nyasha dzaMwari dzemazvirokwazvo, kuti dzakadii!

⁴³ Uye kuti vanhu vakatora sei Mharidzo yenyasha ndokuunza nyadziso paIri! Zvakafanana nechechi yangu inokosha uye nemi vanhu vanokosha veBaptisti, pamunovhiringa nyasha zvakadaro, munenge matoipinza mumatakanana chaimo.

⁴⁴ Mumwe munhu akati kwandiri nguva pfupi yapfuura, akati, “Hama Branham, zvino munoziva kuti maive muBaptisti akanaka.”

Ndikati, “Ndichiri kunzwa zvakadaro, asi kungoti ndangokwirira kumusoro zvishoma.”

⁴⁵ Akati, “Zvino, tarisai,” akati, “Abrahama akatenda Mwari, zvikaverengerwa kwaari kuti kururama. Zvino Abrahamu

angadai akaita zvimwe zvikuru zvakadai kudarika kutenda?” Uye akati, “Patinotenda Mwari, tinobva tagamuchira Mweya Mutsvene.”

⁴⁶ Ndikati, “Zvakasiyana sei naMutsvene Pauro! Mutsvene Pauro akati, muna Mabasa 19, ‘Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?’ Kwete *pamakatenda*; ‘kubva pamakatenda!’”

⁴⁷ Akati, “Zvakanaka, Abrahama akatenda Mwari, ndizvo zvega zvaaikwanisa kuita.”

⁴⁸ Ndikati, “Chokwadi. Asi zvararo Mwari vakamupa rairo yekudzingiswa, sekusimbisa kuti Vakanga vagamuchira kutenda kwake.”

⁴⁹ Uye kana Vasati vakudzingisa neMweya Mutsvene, haVasati vagamuchira kutenda kwako. Ndizvozvo. Ndiko kudzingiswa kwemoyo nemweya. Mwari vanopa Mweya Mutsvene sekusimbisa kuti Vagamuchira kutenda kwako. Zvino, kana ukarega kutenda, nekunge uchitenderera-tenderera; uye wongotenda Mwari chete, Mwari vachadzingisa mwoyo iwoyo. Uye izvozvo zvinogura kusatenda kwese, zvinodzingisa nyika nekusatenda kwese kure newe; zvino womira, Shoko roga. Jesu akati, “Kana muchigara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri; zvino kumbirai chero chamunoda, chichapiwa kwamuri.”

⁵⁰ Ndiro dambudziko rine chechi nhasi. Iri pasi pemaanyawi, iri pasi pedzidzo, iri pasi pechitendwa. Ndiko kusaka, yakapfumbirwa iri pasi! Maona? Saka tinoda kudzingiswa, kuti tigurire chinhu chacho chese kure. Dzokai kuna Mwari neShoko raVo, uye moRitenda nenzira yaRakanyorwa nayo, uye musaite nharo naRo. Ingogarai naRo. Mwari vakaita vimbiso, Mwari vanochengeta vimbiso yaVo. Hapana chimwe chavanogona kuita kunze kwekuchengeta vimbiso yaVo, uye voramba vari Mwari.

⁵¹ Zvino iyi sungano isina zvinga. Kwete kuti “kana ukadai, Ndichadai, asi Ndichazoviita gare-gare,” kana chimwe chinhu chakadaro; “Ndakatopa nyika iyi kwauri, uye neMbeu yako inouya shure kwako!” Ameni. Munoono, ndakatozviita kare! Ibasa rakatopera.

⁵² Makati, “Kuna Abrahama ndizvo zvaVakaita.” Hongu, kwete Abrahama bedzi, asi Mbeu yake yaizouya shure kwake.

⁵³ Uye kana tiri Mbeu yaAbrahama, ibasa rakatopedzwa kare. “Avo vaVakafanoziva, Vakavadana; avo vaVakadana, Vakavaruramisa; avo vaVakaruramisa, Vakatotabwinyisa kare.” Chii chauri kutya zvino? Ndizvozvo. “Uye antikristu, mumazuva ekupedzisira,” maringe naZvakazarurwa, “akanyengera vose vanogara pamusoro penyika, vane mazita asina kunyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana” (kubva parumutsiriro rwekupedzisira? Kwete) “nyika isati yavambwa.” Ndipo pakaiswa zita rako muBhuku reHupenyu reGwayana,

pakauraiwa Gwayana. Mwari vakataura Shoko; Raiva mukufunga kwaVo, mundangariro dzaVo, Vakataura Shoko uye zvose zvikaitika panguva iyoyo chaiyo. Iyi inongori Mbeu yaMwari iri kusvika pakubatika, ndizvo zvega, Mashoko aVo achidzika. Zvino, kana Chiedza chaMwari chavheneka pamusoro payo, nekukurumidza Mbeu inoChicherechedza, nekuti Yakaberekwa naMwari. IMbeu yaAbrahama, yakafanozivikanwa naMwari. Ndicho chikonzero Chiedza chichipenya, kuti chibate Mbeu iyoyo. Kana iyo. . .

⁵⁴ Takava nerumutsiriro. Joel akadar. Tinokakavadzana zvakananya pamusoro pemvura yekupedzisira, tikave nezvikwata zvaidanwa kunzi “mvura yekupedzisira,” mvura yekupedzisira, mvura yekutanga, mvura yepakati, mvura yekunze. Ndaiverenga rimwe zuva. Munoziva here kuti *mvura yokutanga* inorevei mushoko rechiHebheru? Handikwanise kuritaura iko zvino; Handina kumborinyora pasi, rabuda mupfungwa dzangu. Asi *mvura yekutanga*, mvura yekutanga, zvinoreva “mvura yekudzidzisa.” Mvura yechipiri ndiwo Mweya unouya pamusoro pezvakadzidziswa, uye woburitsa zvibereko. Sei takava nerumutsiriro rwakadar? Pentekosti, Baptisti, mimwe miti yose yakabukira maruva ayo, sezvakataurwa naJesu kuti vachava sekudar. Zvino chii chatakachechenya? MaBaptisti vakati “vakawana imwe miriyoni muna 44.” Tarirai maKatorike, kuti vakawedzera sei. Tarisa masangano ose. Tarisani kuPentekosti. Takaitei? Takadyara mhodzi dzemasangano, tikakohwa goho remasangano. Handiti, chechi inofanira kunge ichipfuta moto waMwari iko zvino, dai pakanga paine mbeu yeShoko yakadyarwa kumashure uko, uye pangadai paine zviratidzo, zvishamiso, minana, uye chechi iyoyo ingadai iri pamwe chete, moyo mumwe, iri muhumwe, uye ichifora yakananga Zion, kuitira Kubvutwa. Ndizvozvo. Takaitei? Takava nekutaura kwenjere panzvimbo yeShoko. Takava nekushandisa pfungwa tichipikisana neShoko, nezvimwe zvose.

⁵⁵ Tinofanira kudzokera kuShoko. Tine. . . Tichazviita! Mwari vakati, “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Ishe, makore ose akadyiwa negwatakwata nemuteteni.” Uchatumbukazve panguva yemanheru. Pachabuda mumwe ane Mharidzo, achadzoreredza moyo, kana kuti kutenda kwevana kudzokere paKutenda kwemadzibaba. Vakazvivimbisa muna Maraki 4, kuti Vachazviita, kuvadzoserana zvakare.

⁵⁶ Zvino, haasi uyo Eria akataurwa nezvake muBhaibheri; Jesu akati muna Mateo 11, “Kana muchigona kuzvigamuchira, Johane uyo ndiye Eria akanga achizouya,” waMaraki 3. “Tarirai, Ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu,” Maraki 3, munozviwana izvozvo.

⁵⁷ Asi rangarirai, waMaraki 4, Mharidzo inouya, “Zuva rinotyisa raJehovha richauya uye richapisa pasi rose, uye vakarurama vachafamba napamusoro pemadota evakaipa.”

Izvozvo hazvina kumboitika shure kwaJohane. Kwete, kana zvakanga zviri izvo, zvino Gwaro rarasikirwa nekubata kwaRo, Rakataura chimwe chinhu chakanga chisiri icho. Tave nezviuru zviviri zvemakore kubva ipapo, nyika haina kumbopiswa kubva ipapo, kana zvachose. Kunyange vakarurama havasati vafamba napamusoro pe—pemadota evakaipa. Asi isu tichakangomirira icho chinhu chichatora Kutenda, uye nekudzoreredza kutenda kwevana kuMuti wepakutanga wepentekosti wakadyiwa negwatakwata, gwatakwata reRoma, mupedzachose. Masangano avo ese nezvitendwa zvakaUdya kusvika pasi. Mwari vakati, “NdichaUdzoreredza zvakare, mumazuva ekupedzisira.” Uye Uchadzoreredzwa! Mwari vachatumira Mweya Mutsvene nenzira yakadaro, paShoko rakasimwa, richadzoreredza. Shoko raMwari iMbeu iyo mukushi akaenda kundokusha.

⁵⁸ Zvino, sungano yakapiwa pasina zviga! Zvino, Israeri, mbeu yepanyama yakatsinhanisa iyoyo, ndokurasikirwa nayo muna Eksodho 19, pavakaita chinhu chisina maturo chekubvisa nyasha, ndokugamuchira murawo panzvimbo yacho. Kukanganisa kune njodzi kwakadini kwakaitwa neIsraeri ipapo!

⁵⁹ Tarisai! Mwari, mushure mekunge vaita sungano naAbrahama, Nyasha dzakanga dzatopa muprofitamudzikinuri kwavari zasi uko muEgipita, kuti azadzikise shoko raAbrahama. Rangarirai Mosesi, pasi pegwenzi, Mwari vakati, “Ndanzwa kuchema kwevanhu vaNgu, uye Ndarangarira vimbiso yaNgu.” Pasati pambova kana nemurairo, nyasha dzakazvipa. Nyasha dzakanga dzapa chibayiro chemhosva yavo, gwayana. Nyasha dzakanga dzapa sungano, kudzingiswa, kwakanga kwatopiwa kare, murairo usati wavapo. Nyasha dzakanga dzavapa Shongwe yeMoto kuti ivatungamirire, vachitevera muporofita, chengetedzo yekuti muporofita akanga avaudza Chokwadi, rakanga riri Shoko raakanga achitaura nezvaro. Vaiziva kuti Mwari akazvivimbisa, uye hepapo Shongwe yeMoto ichizvisimbisa. Kuchengetedzwa kwakapetwa kaviri kwakadini! Amen. Nyasha dzakanga dzaita izvozvo!

⁶⁰ Asi vaidawo chimwe chinhu chavaigona kuita pachavo, kuvawo nezvitendwa zvavo uye nemasangano, uye nezvimwewo zvakawanda, kuita vaFarise, vaSadhuse, nechimwewo chinhu chavaigonawo kuita pachavo.

⁶¹ Munhu anogara achiedza kuzviponesa iye pachake. Iwe haugone kuita izvozvo! Mwari vakatozviita nechekare. Unongofanira kuzvigamuchira nekuzvitenda.

⁶² Shongwe yeMoto kuti ivatungamirire nekuvaratidza mafambiro, kuvatungamirira muNzira. Simba, nyasha dzakanga dzavapa Simba rekupomera muvengi wavo uye nekuvasunungura. Simba rakanga ratopihwa nechekare.

Vakayambuka Gungwa Dzvuku. Vakanga varova Farao. Vakaita zvinhu zvese izvi nenyasha. Zvino vakatsinhanisa nyasha nemurairo, asi izvozvo zvakanga zvisinei nechekuita neMbeu yehumambo yaAbrahama.

⁶³ Mbeu yehumambo yakaedzawo kuita zvimwe chetezvo, kudzokera pasi pemhando imwe yechitendwa panzvimbo yekutora nyasha pamwe neShoko, uye nekuRitenda. Ndokudzokera. Asi pachauyapo Mbeu yehumambo; tichazvibata izvi mushure mechinguva, neche pamberi zvishoma.

⁶⁴ Ngatidzokerei zvino kuna Genesi 12. Mwari vakadana Abrahama nenyasha. Kwete nekuti akanga ari munhu akasiyana; aingova Abrahama, munhuwo zvake. Kwete nekuti aiva muprista kana munhu anoremekedzwa; aingovawo zvake murimi. Akaburuka kubva muguta re—reShongwe yeBhabhironi, pamwe chete nababa vake, vakanga vaenda kuKaradhea, Uri yeKaradhea. Uye, ikoko, aiva murimi, zvichida airima masikati uye achirima zvekudya zvake. Akanga aroora hanzvadzi yake muchidimbu, Sara. Uye vakanga vasina vana, zvino Abrahama akanga ava nemakore makumi manomwe nemashanu ekuberekwa apo Mwari vakamudana, uye Sara akanga aine makore makumi matanhatu nemashanu okuberekwa.

⁶⁵ Uye Mwari vakaudza Abrahama pavakamudana, Vakati, “Ndichakuita baba vemarudzi,” uye vaizomupa mwana kubudikidza naSara. Zvino, akanga asina mbeu. Zvino mudzimai akanga ava, zvino, nemakumi matanhatu nemashanu, akanga ava nemakore gumi kana gumi namashanu adarika zera rekubereka. Aive agara naye kubva aine makore angangoita gumi nematanhatu kana gumi nemasere, hanzvadzi yake muchidimbu. Uye, vakanga, akanga ari murume kwaari kwemakore ose aya kusvikira ava nemakore makumi manomwe nemashanu, uye mudzimai akanga ava nemakore makumi matanhatu nemashanu, zvino Mwari ndokuburuka vakati, “Ndichakupa mwana, kubudikidza naye.” Uye haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, asi akaitenda!

⁶⁶ Ungafungidzire here harahwa, ine makore makumi manomwe nemashanu okuberekwa, uye nomudzimai, ane makumi matanhatu nemashanu, achienda zasi, achidedera, zasi kuna chiremba, ndokuti, “Chiremba, ndinoda kuti mugadzirire kuchipatara zvino. Tinogona kuzokufonerai chero husiku, nekuti, munoziva, tiri kuzova nemwana?”

⁶⁷ Chiremba vaizoti, “Ehe, hongu, changamire, muri kuzo. . . Uh, uh, uh!” Pavanongoenda pafoni chete, iti, “Chitomuenderai, pane chakakanganisika.”

⁶⁸ Uye munhu wese anatora Mwari pavimbiso yaVo anotorwa, nenyika, se “anopenga.” Pauro akati, “Nenzira inonzi ‘hupenzi,’ ndiyo nzira yandinonamata nayo Mwari wamadzibaba edu.”

Hupenzi ndiko “kupenga,” tinoziva. Hupenzi kupfungwa dzenyama. Kutenda kupenga kumunhu wese kunze kwaMwari uye nekune uyo ane kutenda kwacho. Ndizvozvo chaizvo.

⁶⁹ Asi Mwari vakavimbisa Abrahama, uye Abrahama akazvitenda. Haana kumboti, “Mwari, zvichafamba sei?” Akati, “Zvakanaka, Mwari, ndinozvitenda.” Uye ndiri kumuona achienda kumba, achiti, “Sarah, ngatidzike zasi uko titenge manapukeni akati wandei, uye titenge nezvipeneti, uye totenga mabhutisi. Tiri kuzova nemwana.” Oo, ini zvangu!

⁷⁰ Mazuva makumi matatu ekutanga akapfuura, kana kuti mazuva makumi maviri nemasere. “Uri kunzwa sei, mudiwa?”

“Hapana mutsauko.”

“Mwari ngavarumbidzwe, tiri kuzova naye, zvakadaro!”

“Unozviziva sei?”

“Mwari vakataura kudaro!”

⁷¹ Vamwe vedu vanokwanisa kunamatirwa husiku humwe, vogara mumusangano umo muri kuburuka Mweya Mutsvene; uye mangwanani anotevera, kana tisinganzwi zvakanaka, tapora, zvakasimba, “Ndi—ndichiri kurwara nemudumbu mangu zvishoma. Handichagoni kufambisa maoko angu zvakare.” Iwe, Mbeu yaAbrahama, ungedzedzereka pavimbiso yaMwari nokusatenda?

⁷² Chimwe chinhu chinouya muchechi, dhiyabhore anogona kupinda pakati pe—peboka revanhu vakanaka zvino wopinda imomo wotanga kunorova unogona iyoyo, chekutanga munoziva, vamwe vanoti, “Haa, ndichasiya Chinhu chakare ichi, hapana nezvaChiri kubva pakutanga.” Mbeu yaAbrahama? Ini zvangu, ini zvangu! Mhoshu yekutanga diki iyo dhiyabhore anogona kukuratidza, zvino iwe ipapo, watopedza naCho. Zvinoratidza kuti waisaZvitenda kubva pakutanga.

⁷³ Jesu akati, “Ushe hwakafanana nemunhu akatora mambure, ndokuenda kugungwa akaakandira mugungwa. Paakadzoka, akanga aine zvese.” Ndizvozvo chaizvo.

⁷⁴ Ndizvo izvo—ndizvo zvinobatwa nerumutsiriro. Chii chiri mumambure umu? Une matatya, mabuwebuwe, kamba, magakanje, nyoka, nehove. Hapana nguva refu kamba ndokuti, “Manje, ino haisi nzvimbo yangu iyi,” inodzokera ichienda hayo mumatope. Buwebuwe remumvura rakatarisa-tarisa, ndokuti, “Haa! Handikwanise kutamba makasa kuno.” Saka zasi mumatope rinobva raenda haro zvakare, senguruve inoenda kunoumburuka mumatope uye nembwa ichidzokera kumarutsi ayo. Ndizvozvo chaizvo. Zvino Mbeu yaAbrahama? Oo, ini zvangu! Kunyadzisa kwakadaro!

Mbeu yaAbrahama inotenda Shoko raMwari!

⁷⁵ Ogara kumashure uko oti, “Hongu, Mwari ngavarumbidzwe, ini ndiri muPentekosti!” Zvino mumwe munhu anoparidza chimwe chinhu paShoko, heRo rakanyatsonyorwa. “Hareruya, handizvitende Izvozvo. Kwete, changamire.” Mbeu yaAbrahama? Haa!

⁷⁶ Zvino, kana zviri zvimwe zvisina maturo, hongu, hauzvitende. Asi kana Riri Shoko, iRo iChokwadi! Ndizvozvo. Mbeu yaAbrahama inobatirira kuShoko iroo uye hapana chimwe.

⁷⁷ Mumwe mwedzi wakapfuura. “Sara, mudiwa, uri kunzwa sei iko zvino? Unoziva, mamwe mazuva makumi maviri nemasere apfuura zvakare, uri kunzwa sei?”

“Hapana mutsauko, mudiwa.”

⁷⁸ “Mwari ngaVakudzwe! Chishamiso chakakura nemwedzi miviri kupfuura zvachazova kana dai chakaitika mwedzi wapfuura.”

Gore rakadarika. “Ndorasa here mabhutisi aya?”

⁷⁹ “Kwete, changamire, achengete ipapo akadaro. Tiri kuzova naye mwana iyeye!”

“Unoziva sei kuti uchave naye?”

“Mwari vakadaro! Zvatoringana.”

Mushure mekunge makore makumi maviri nemashanu apfuura. “Uri kunzwa sei, Sara?”

“Hapana mutsauko.”

⁸⁰ “Mwari ngaVakudzwe! Chave chishamiso chakasimba nemakore makumi maviri nemashanu iko zvino!” Haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda, asi akanga akasimba, akabatirira paShoko raMwari; uye achidana izvo zvakanga zvisipo, sekunge zvaivepo. Sei? Mwari vakataura kudaro! Oo, ini zvangu!

⁸¹ Mbeu yaAbrahama nhasi, handiti, yatinoti Mbeu yaAbrahama, haina simba kupfuura muto wakagadzirwa nemumvuri wehuku yakaziya nenzara kusvika pakufa. Hongu, changamire.

⁸² Mwari vanoda Makristu akakwasharara vanotora Shoko raMwari, kurarama kana kufa. Zvakangofanana. Amen. “Mwari vakataura kudaro!” Ndiyo Mbeu yaAbrahama, yakaberekwa neMweya neShoko raMwari. Ndiyo inomira.

⁸³ “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri.” Ndizvozvo. Zvakavimbiswa naMwari, Mwari vanogona kuzviita. Mwari havakundike. Havagoni kukundikana. Pane chinhu chimwe chete Mwari chavasingagone kuita, zvino ndiko kukundikana. Havakwanisi kukundikana, ndicho chinhu chega chaVasingagone kuita. Asi haVakwanisi kukundikana. Kana Mwari vakachivimbisa, iChokwadi. Chiripso

nekusingaperi. Yakanyatsogadziriswa nokusingaperi. Kana Mwari vataura Shoko, rinenge ratogadziriswa kare.

⁸⁴ Nyika ino iyi yakagadzirwa neShoko raMwari bedzi. Vakangotaura kuti, “Ngakuve ne,” uye kukavapo. Amen. Ivhu chairo rawakagara pamusoro paro manheru ano, puranga chairo raugere pariri, harisi chimwe chinhu kunze kweShoko raMwari rakaratidzwa. Hareruya!

⁸⁵ Ndinonzwa manyukunyuku ekunamata kana ndikafunga nezvaAbrahama, ndichiziva kuti tinogona kuva Mbeu yake, Mbeu yaAbrahama ine vimbiso dzese idzi. Kwete bedzi kudziita kuti dzizadziswe, Mwari vakasimudza ruoko rwaVo, vakapika naivo Vomene, kuti Vaizozviita. Mhiko, nguva dzose, sungano inosimbiswa nemhiko, uye Mwari vakapika naivo Vomene nekuti hapana mumwe ari pamusoro wekupika naye. Vakapika naivo Vomeme, kuti Vachazviita.

⁸⁶ Zvino chii nyika, sei, chii—chii chiri kunetsa kwatiri? Vimbiso yakaita seiyoyo! Kutenda kwakavakirwa pachinhu chakadaro, kutenda kwakavakwa! Shoko rakavimbisa zvinhu izvi mumazuva ekupedzisira, zvakare hezvino tinozviona zvichiitika pamberi pedu chaipo, asi toramba takangoderera tiri pano. Mbeu yaAbrahama? Oo, ini zvangu! Ndinoda kuti ubatisise pazviri izvi, “Mbeu yaAbrahama.”

⁸⁷ Genesi 12, zvaidiwa naMwari kuna Abrahama kwaive kuzvipatsanura kuzere.

⁸⁸ Zvino, nhasi, vanoda vasanganisi. “Oo, kana tikasarudza mufundisi, anofanira kuva nevhudzi rinotsvedzerera rakamonana, uye ari anonyatsobva kuHollywood, munoziva, uye anogona kutaura ‘aaameni’ zvakanaka kwazvo, uye anopfeka nhumbi dzemhando yepamusoro, uye anotyaira Cadillac yepamusoro-soro, uye ne—nezvimwe zvakadaro, uye anogona zvekusangana nevamwe zvakanaka. Anoita izvi. Uye anatora zvinwiwa zvinodhaka zvishoma pano neapo nesu, kuti tive neushamwari. Anouya kumapati emakadhi echembere, vosonanidza nekusona, nekusona nekusonanidza, votaura pamusoro paMuzvare *Nhingi-nhingi*, nevakadaro, munoziva, neve vakadaro. Uye vanofanira kuva vari vemhando iyoyo yeave vanosa—sangana nevamwe.”

⁸⁹ Mwari vakati, “Nditsaurirei Pauro naBhanabhasi!” Amen. Kupatsanura! “Budai kubva pakati pavo uye musabatirane pamwe navo muzvinhu zvavo zvisina kuchena!” Mwari vanoda zvokupatsanura, kuparadzwa zvachose kubva kuchivi. Patsanura! Ndiro dambudziko nhasi, chikonzero tisingagone kuva Mbeu yaAbrahama, hatikwanise kuzvipatsanura kubva kudzidziso nezvitendwa, nezvimwe zvakadaro, zvinonzi Chikristu, tichienda kuShoko rinorarama. Zvipatsanure pachako kubva pakusatenda kwako, ugotenda Shoko raMwari. Mwari vachaRiratidza kwauri. Ndizvozvvo.

⁹⁰ Genesi 12, Mwari vakati, “Zvipatsanure kubva kuhama dzako dzose uye nekubva pane zvose zvakakupoteredza.” Oo, ini zvangu, hatikwanise kuzvipatsanura kubva pakutamba makasa! Haa!

⁹¹ Ndapinda murestorandi nhasi, papinda hama imomo. Ndaona mumwe wechidiki anotaridzika kuva nemisikanzwa achipinda imomo. Uye mudzimai neni tanga tichiedza kuti tidye, ndikafunga, “Mwari ngavarumbidzwe! Ngatichimbidzei, mudiwa, musati mapinda mumwe munhu muno.” Zvino mumwe wechidiki ndokupindamo, achitsenga achiridza mukanza. Ndingatya kusangana nemukomana yu murima. Uye akaisa tso—tsono yemuchina imomo uye, kana kuti rekodhi, ndokutanga kuridza zviye zvekare zvebhugi-wugi, uye—uye akamira ipapo, achiita sezvizi, munoziva, achizirova-rova saizvozo. Ndikati, “Maihwee kani, veduwee!”

⁹² Meda ndokuti, “Rega—rega kuenda ikoko kunobhadhara mari yezvatadya. Iwe mira ipo pano, rega ndiende newe.” Anga achitya.

⁹³ Chero ani zvake ari mune izvozo, zvinhu izvi sezvatinazvo nhasi, nyika yeChikristu, oo, chinhu chakadini! Kuparadzana! Zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana zvevakadaro vanoimba mumakwaya, Elvis Presley, naPat Boone, navose ivavo, naPeabody Ernie, hameno chero zvavanomudaidza zasi ikoko. Chokwadi, zvakaipa kupfuura Judhasi Isikariyoti! Judhasi Isikariyoti akatengesa, akawana masirivheri makumi matatu; Elvis akamukunda, akawana rundaza rwemotokari zhinji dzerudzi rwemaCadillac uye nemukurumbira wakakura. Zvino nekuti vana vadiki ava vanoona zvese zvekungoenderera izvi, vanobva vati, “Anonamata zvikuru.” Ndidhiyabhore! Zvirokwazvo! Mwari havatenderane nezvinhu zvakadaro. Chinhu chinopofomadza pano mumazuva ekupedzisira.

⁹⁴ Dzokai kuShoko, “Zvipatsanurei kubva pazvinhu zvese zvisina humwari, uye musabata chinhu chavo. Ndichakugamuchirai.”

⁹⁵ Vhangeri, tinofanira kuRibata nemaoko asina chaakapfeka! Kwete takapfeka mamwe magirovhosi ezvinamato, tichibhabhadzira mumwe munhu kumusana, ane dendere rizere nemazai akaora futi, nokuita mumwe munhu wedunhu, kana mukuru-mukuru, mubhishopi, kana chimwewo chinhu. Chii chinoita... Ungava nekutenda sei kana uine ruremekedzo, kuwana rukudzo mumwe kubva kune mumwe? Tinotarisa kuna Mwari, uye iVo voga! Kukudzwa kunobva kuna Mwari. Ndivo vaCho. TinoVakudza nekubata Shoko raVo semwenje, uye nekufamba semurwe kana mudzimai pamberi paMwari. Chokwadi. Kupatsanurwa kwakakwana!

Genesi 13, Roti akadzokera kumashure. Rangarirai. Vakava nekamwe...

⁹⁶ Mushure mekunge vapatsanurana pachavo, vayambuka rwizi ndokupinda munyika, Mwari vakati, “Abrahama, ndichaipa yese kwauri zvino, asi hausati waNditeerera zvakazara.”

⁹⁷ Zvino chinhu chekutanga munoziva, pakauya bopoto duku pamusoro pevafudzi, nepakati pevashandi vavo vekumombe, uye Genesi 13 (chii chakaitika?), vafudzi vemombe vaRoti nevafudzi vemombe va—vaAbrahama. Tarisai Abrahama, kuita kwehama, akati, “Ngaparege kuva nemakakatanwa pakati pedu. Tiri hama.” Roti aimiririra chechi inongodziyawo. Uye akati, “Tarisai-tarisa, tora sarudzo. Chero chese chauri kuda, enderera mberi uchitore hako. Iwe ukaenda kumabvazuva, ini ndichaenda kumadokero, zvichingodaro. Kana, iwe ukaenda kumadokero, ini ndichaenda kumabvazuva. Iwe ukaenda kuchamhembe, ini ndichaenda kumaodzanyemba, nezvimwe zvakadaro. Iwe tora sarudzo yako.” Zvino Roti anga atombove zasi kuEgipita uye akanga aona kamukurumbira zvisihoma, aine kamari kashoma muhomwe make.

⁹⁸ Ndipo pakakanganiswa nechechi ipapo. Ndinozvitauro izvi nekuremekedza, hama. Chechi yePentekosti ingatoita zviri nani netamborini, kunze uko pachikona, nevarume nevakadzi vechinyakare, vane rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, pane zvavangaite mumachechi makuru aya nemamochari avari kugara maari nhasi pasi pekuwora kwese uku nezvimwe. Ndizvozvo. Vari kuda kuitawo sevamwe vose avo. Ndiko kwatakazviwana. Sei musina kuramba makaita sezvamaiva, pamatangirwo amakaitwa naMwari? Chinhu chamakaitira nharo chacho, zvino makatendeuka mukaita zvimwe chetezvo.

⁹⁹ Ndiwo maitiro akaita Roti, akaenda zasi kuEgipita uye, chekutanga munoziva, akaisa maziso ake paEgipita. Zvino akabva atarisa ndokuona Sodhoma, mutambarakede, maitiro ari nyore-nyore. Akaenda kumabvazuva akananga... Rangarirai, akaenda kumabvazuva pane kuenda kumadokero pamwe naAbrahama. Akaenda kumabvazuva nekuti yaive nzira yemutambarakede. Akaenda mberi akananga kumabvazuva.

¹⁰⁰ Ndiwo maitiro aita chechi nhasi, munoono, vakadzokera kumashure. Sezvandakataura manheru apfuura, zuva rinobuda Kumabvazuva richienda kumadokero. Uye Mwanakomana waMwari akashanyira Mabvazuva kutanga, ndokuenda kumadokero. Vakaridzimaizidza, muzviuru zviriviri zvepakore. “Asi kuchava neChiedza panguva yemanheru,” muporofita uyu akadaro. Panzvimbo yekutevera Mwanakomana, vanodzokera kwaimbova neMwanakomana. Nhasi uno ukaita seunotaura chimwe chinhu pamusoro pekupodza kwaMwari, pamusoro pechipoorofita, pamusoro pezvipo zvipfumbamwe zveuweya, kana chimwe chinhu; “Ngatidzokerei tinoona zvakataurwa naMoody, zvakataurwa naSankey, zvakataurwa naKnox, zvakataurwa naCalvin.” Vakarama muzuva

apo Mwanakomana akanga achipenya ipapo; tiri kuenda pakukwaniswa! Ameni!

¹⁰¹ Mumwe muzvinasainzi wechiFrench akati, angangoita makore mazana matatu apfuura, akazviratidza kuti nekukungurutsa bhora kutenderera pasi rese, akati, “Kana paine ani zvake aizosvika pakumhanya kunotyisa kwemamaira makumi matatu paawa imwe chete, simba rinodhonzera zvinhu pasi raizovasimudza kubva panyika.” Akazviratidza pachena nesainzi. Munofunga kuti sainzi inombotaura nezvazvo here nhasi? Kwete, changamire! Vava navo vachimhanya potse zviuru zviviri zvemamaera paawa rimwe chete, vachiedza kuvaita kuti vatopfuurira mberi. Havatarise kumashure kune izvozvo.

¹⁰² Asi vashumiri, “Tinotarisa kumashure toona zvakataurwa naMoody, zvakataurwa naSankey.” Ndiko *kwakambenge* kune Mwanakomana. Hepano paRiri nhasi! Riri kuMhenderekedzo dzeKumavirira, munguva dzemanheru, hareruya, richipa Chiedza chemanheru! Kwete kudzokera pakururamiswa kwaLuther kana kucheneswa kwaWesley; asi tiri muzuva rekupedzisira, ameni, apo Zviedza zvevanheru zviri kupenya, patiri panguva yekupedzisira. Tevera Mwanakomana.

¹⁰³ Asi Roti akadzokera kumashure nekuti zvakanga zviri nyore, mutambarakede. Tarisai Mai Roti pavakadzokera kumashure ikoko. Chokwadi, vanofanira kunge vakabva vava mambokadzi wemasosaiti emuguta. Roti akazova meya. Oo, hama, vakanga vazvigadzira, ndizvo, ndinoreva kudaro!

¹⁰⁴ Ndiwo matorero aita vanhu Mai Roti nhasi. Tarisai maitiro ari kuita vanhu vedu nhasi. Tarisai vanhu vedu mumachechi, ingozvitarisai. Tarisa madzimai edu, vatarisei nhasi.

¹⁰⁵ Nda—ndaiva kuHollywood rimwe...kana kuti muLos Angeles, nguva pfupi yapfuura, ndakanga ndakamirira Hama Arganbright kuti vasvike. Zvino paive pakamira mumwe musikana, akauyapo. Ndakatarisa, ndokudzadzarika. Ndakamutarisa. Ndikafunga, “Ndiri mumishinari. Ndakamboona matenda, ndakaona maperembudzi, asi handisati ndamboona chinhu chakadaro.” Aive neimwe yemazibhibho, aya, munoziva, munoziva, zvamunodaidza, zvakaita semusoro wakakurisa, munoziva, mu—Mudzimai weMutungamiri wenyika, hongu, saJezebheri, saizvozvo. Iye akange aine zvebhuruu nezvegirinhi; uye angadai ari mudzimai anotaridzika zvakanaka; asi zvinhu zvese izvi zviri paari, aitaridzika semuHottentot wekuAfrica. Ndakafamba ndichienda, ndaida kunonamatira mudzimai uyu. Ndakafunga, “Amai, kana musina henyu basa nazvo, ndinonamatira vanorwara. Handisati ndamboona zvakadaro. Ndiudzei kuti chii.” Zvino mumwe mudzimai akatanga kutaura naye, uye akanga akaita zvimwe chetezvo. Oo, ini zvangu!

Oh, imi munoti, “Vaiva maPresbyteriani.” Pentekosti! Chokwadi.

¹⁰⁶ Uye Bhaibheri rakati, “Chinhu chinonyadzisa kuti mudzimai agerwe bvudzi rake.” Akazviita, anozvidza musoro wake. Anozvidza mutumwa, mutumwa weChiedza. Vatumwa vaNomwe veChechi, uyo anounza Chiedza achagara neShoko. Haaremekedzi! Anofanirwa kuva nevhudzi mumusoro make. Ini zvangu, zvakadaro! Uye zvakanga zvisina kunaka kuti vazviite. Mu—muPentekosti yekutanga, zvakanga zvisina kunaka. Chii chakaitika? Makamhanya zvakanaka, chii chakaitika?

¹⁰⁷ Uye vamwe vemadzimai edu ePentekosti vanopfeka marokwe anotaridzika sezvakaita ganda repamusoro pesochisi, kunze kuno pane imwe nzvimbo vachiedza...Ndizvozvo! Handisi kuzviture izvi senyambo. Ino haisi nzvimbo yekuita nyambo. Ino iyi ipurupiti.

¹⁰⁸ Mumwe mudzimai akati kwandiri humwe usiku. Ndakavaudza nezve mapfekero avaive vari kuita. Ndokuti, iye akati, “Handipfeke zvikabudura. Ndi—ndi—ndinopfeka midhebhe.”

¹⁰⁹ Ndikati, “Izvozvo zvakatoipa kupfuura zvimwe zvese. Mwari vakati, ‘Mudzimai anopfeka nguwo yakaita seyomurume, chinyangadzo pamberi paMwari.’” Ndizvozvo!

¹¹⁰ Uye rega ndikuudze chimwe chinhu, mudzimai, iwe, mudzimai wechidiki, unozvipfekedza zvakadaro kunze uko, uchapindurira pazuva rekutongwa kuita hupombwe.

Unoti, “Ndakatongozvichenerwa hangu sehapa.”

¹¹¹ Hongu, asi Jesu akati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive, atoita hupombwe kare naye mumoyo make.” Iwe unogona kunge usina kuita chiito chacho. “Ani naani anotsamwira hama yake pasina mhaka, atomuraya nechekare.” Munooni, chinhu choga chaunofanira kuita. Uye kana mutadzi iyeye akakutarisa nemapfekero aunenge wakaita, zve zvichiitwa nekaumbirwo kawakaitwa, wakarerera kumashure, uye wakabudikira kunze, uye wakapinda mukati, wopfeka mhando yehembe dzakadaro, wobva wabuda panze. Zvino teereri, harisi jee iri! Iri iVhangeri! Zvino iwe wopinimidza uchidaro, uye mumwe mutadzi otarisa kwauri kuti akuchive. Pazuva rekutongwa, paanopindura kuita upombwe, ndiani akazvikonzera? Ndiwe wakakonzera. Iwe uchazvipindurira nekuti wakazviratidza pamberi pake nenzira yakadaro.

¹¹² Handiti, unoti, “Hava—vasi kugadzira dzimwe mhando dzembatya.” Vanogadzira michina yekusonesa, uye vachiri kutengesa machira. Haisi pembedzo zvachose! Imhaka yekuti wakabva paShoko! Izvozvo hazvifarirwe. Zvakaoma.

113 Mumwe muparidzi ane mukurumbira akauya rimwe zuva, akaturika maoko ake pandiri, ndokuti, “Ndiri kuisa maoko angu pamusoro penyu uye ndigodzinga dhimoni.”

Ndikati, “Chii?”

114 “Kutaura pamusoro pevakadzi saizvozvo.” Akati, “Vanhu vanokutorai semuprofita.”

Ndokuti, ndakati, “Handisi muprofita ini.”

115 Iye ndokuti, “Vanokutorai saizvozvo, Hama Branham.” Uye akati, “Munofanira kunge muchivadzidzisa vanhu ivavo, madzimai aya, kuti vanowana sei maropafadzo makuru epamweya. Asi munoramba muchivaudza nezvekugera kwavo bvudzi nezvimwe zvakadaro. Havasi kuzoteerera kune izvozvo.”

Ndikati, “Ndinozviziva.”

Akati, “Sei musingavadzidzise zvinhu zvikuru?”

116 Ndikati, “Ndingaparidza sei, kuvadzidzisa samhu dzakakura ivo vasingatomboziva maABC avo, vasitomborina kana hunhu chaihwo hwemazuva ese?”

117 Uye imi varume munotendera madzimai enyu kuita saizvozvo, ndine ruremekedzo rwuduku kwauri kunge uri murume weChikristu, Mbeu yaAbrahama. Amen! Zviri nani ndimbosiya izvozvo zvakadaro, ndingakuitei kuti mese musimuke muchienda kumba. Zvakanaka. Rimwe remazuva ano muchakundikana kuwana chimwe chinhu kumusoro Ikoko.

118 Unoti, “Hazvina kana mutsauko wazvinoita.” Zvakaita kuna Pauro. Zvikaita kuna Mwari, mubindu reEdheni. Bhaibheri rakati mudzimai anofanira kuva nevhudzi refu! Uye pasina izvozvo, uri papi? Saka, unoti, “Hazvina kana mutsauko wazvinoita.” Bhaibheri rakati zvine mutsauko! Usarega dhiabhore achikushandisira pfungwa, achikuudza kuti, “Ndezve chimanjemanje, zvese zvakatonaka.” Hazvina kunaka! Iwe woti, “Ndanga ndisingazvize kumashure.” Wave kuzviziva zvino. Maona? Zvitsvage ugoona kana zviri izvo. Regai ndisiye izvi zvakadaro, munoona. Zvakanaka.

119 Genesi 13, chimanjemanje, ahaa; kudzokera kwaimbova neMwanakomana, kwete uko kwaari Mwanakomana; kwaimbova neMwanakomana, kunyange hazvo. Mudzimai, ndinombofunga, mudzimai waRoti, kuti akapinda sei muvanhu ava!

120 Ndiyo nzira yatakapindawo nayo muvanhu. Ndiyo nzira yatakapinda nayo mazviri isu maPentekosti. Takava, ndokugadza sangano duku kuno *uku*, uye nerimwe diki rinopesana, rimwe richipesana nerimwe, uye richipesana *neiri*, uye vanoita. . . Imi makapinza zvese-zvese. Ndizvozvo chaizvo.

121 Samueri akati kudii apo vaIsraeri vaidavaida—vaida kugadza mambo, vachida kuti Sauro ave mambo? Samueri akauya

kwavari, akati, “Ndakambotora mari yenyu kuti ndirarame nayo? Ndakambokuudzai here chero chinhu nemuZita raShe kunze kwezvakazadzikiswa?”

¹²² Oo, vakati, “Chokwadi, uri muprofiti waMwari. Wakatiudza Chokwadi, uye zvawakataura zvakaitika, asi tinodawo mambo, zvakangodaro.”

¹²³ Uye pese pamakatanga kudzikisa chiyero, uye mukarega *ichi neicho*, nezvimwe zvose zvichipinda saizvozvo, mukabva mava vechimanjemanje. Uye chechi yangofanana nevamwe vose nhasi. Chatinoda chaicho kucheneswa kwePentekosti! Ndizvozvo chaizvo. Amen. Zvinonyadzisa kuti muBaptisti akuudzei izvozvo, handizvo here? Asi iChokwadi. Ndizvozvo! Ndinotenda Bhaibheri, ndinotenda kuti Shoko raMwari nderechokwadi. Zvakanaka.

¹²⁴ Abrahama, ipapo Abrahama akatora...mundima 14 yechitsauko 13, mushure mekunge Roti azvipatsanura, zvino Abrahama akateerera Mwari zvakazara, ipapo Mwari ndokuuya kwaari. Zvino Vagadzirira kumuropafadza.

¹²⁵ Uye kusvikira chechi yePentekosti yabva pazvitendwa zvayo zvose nedzidziso dzayo, uye nekuita senyika uye nekutaridzika senyika, uye nekutaura senyika, nekugara kumba Chitatu manheru kuti vaone havo *We Love Susie* pane kuti vauye kushumiro yemunamato, nezvimwe zvakadaro, muchibhadhara zvegumi zvenyu kune mumwe muparidzi ari kunze uko pachirongwa cheparedhiyo achiita jee nechinhu chose chamunomiririra, ndizvozvo, uye nezvinhu zvese izvi zviri kuitwa muzita repentekosti, zvinonyadzisa!

¹²⁶ Ndinoparidza ndakamiririra veChristian Business Men, pasi rose. Pane vazhinji vavo vagere pano iko zvino. Pano pane humwe husiku, pano rinenge gore rapfuura, ndizvo, ndaiva kuJamaica. Uye vaive nevese vakakurumbira vemuzvitsuwa izvozvo imomo humwe husiku, uye varume ava vaisimuka, vachipupura, “Mwari ngaVakudzwe! Ndakanga ndiri muzvinabhizimisi mudiki pakakona. Hareruya, ndine maCadillac mana ikozvino. Mwari ngaVakudzwe!”

¹²⁷ Zvino ndakadzokerako kuFlamingo Motel husiku ihwohwo, ndokumirapo, ndikati, “Ndiri kunyara nemi!” Ndikati, “Imi varume muri pano kuzomiririra Kristu, muri kuedza kuudza muzvinabhizimisi kuti mune zvakawanda zvakadii, ane zvakawanda kupfuura zvamunazvo kana zvamuchazombova nazvo.” Izvozvo zvakatosiyana kwazvo nemapentekosti epakutanga. Pentekosti yekutanga yakatengesa zvavaiva nazvo, vakazvigovera kuvarombo, ndokuenda kunoparidza Evhangeri. Ndizvozvo!

¹²⁸ Mumwe muimbi mudiki wekuSweden anobva kuChicago, handisi kuzomudaidza zita rake. Ihama yangu yakakosha. Akasimuka, akati, “Hama Branham, kunyangwe imi...

Tinotenda kuti muri muprofiti, asi ndiri kuda kukuudzai iko zvino, ‘Muri kukanganisa.’”

Ndikati, “Ndiudzewo kuti papi, hama.”

¹²⁹ Akati, “Zvino, vanhu ava vakatengesa zvavaiva nazvo, vakazviisa patsoka dzevaapostora, ndokuzvigovera.” Akati, “Ndicho chinhu chakaipisira chavakamboti vaita.”

¹³⁰ Ndikati, “Unoreva kundiudza here kuti Mweya Mutsvene anoita chinhu chisiri icho?”

Zvino akati, “Zvakanga zvisina kunaka. Ndichakuratidzai pachena.”

Ndikati, “Sei?”

¹³¹ Akati, “Zvino apo pakasimuka kutambudzwa, vakanga vasisina kwekuenda. Vakambeya, kwese-kwese.”

¹³² “Maive mukuda kwaMwari chaiko, vachiparidza Evhangeri kwese kwavaienda. Vakanga vasina nzvimbo yekudzokera kwairi.” Mwari havaite mhosho. Ndizvozvo! Oo, musiyano wakadini; pentekosti yaivapo, nePentekosti iripo nhasi. Ehe, hezvoka izvo.

¹³³ Mushure mekunge Abrahamama azvipatsanura kubva kuna Roti, zvingori izvo chaizvo zvaakaudzwa naMwari kuti aite. “Kupatsanura chivi chese chinotivhiringa zviri nyore, buditsa zvinhu zvese kunze!” Ipapo, zvino Mwari ndokuti, “Abrahamama, zvino wava mudyi wenhaka yezvinhu zvose. Tarisa kumabvazuva, tarisa kumadokero, tarisa kuchamhembe, tarisa kumaodzanyemba, famba nemunyika iyi, yese ndeyako!” Amen.

¹³⁴ Iwe patsanura chinhu chako, iwe pachako kubva kuchivi, kusatenda. Panongova nechivi chimwe chete, uye ndiko kusatenda. Kuita hupombwe hachisi chivi, kunwa doro hachisi chivi, kureva nhema hachisi chivi; izvi zvizibereko zvekusatenda. Dai waitenda, hawaimboita zvinhu izvozvo. Zvirokwazvo. Jesu akati muna Johane 5:24, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda mune Uyo wakaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi,” Zoe iya, Mweya Mutsvene, nokuti akatenda. Ndizvo chaizvo. Zvino, kusvikira waZvigamuchira, uri kutenda-zvekabanga, ndivo vari muboka iroro. Asi kana vachinge vatenda zvehokwadi, vachizvipatsanura ivo pachavo, zvino kana iwe wazvipatsanura kubva pakusatenda kwako kwese, uye wotenda Mwari, wofamba uchibuda nemazvo, wakatakura Mirairo, uchiita zvose zvakanaka, zvino Mwari vachati, “Vimbiso yese iri muBhuku ndeyako.” Amen. “Zvese ndezvako! URivhure, kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, zvese ndezvako!” Amen. “Kana uchigara maNdiri neShoko raNgu riri mauri, unogona kukumbira chero zvamunoda, zvichava saizvozvo.” Chii? Unofanira kuzvipatsanura, kutanga, kubva pakusatenda kwako.

Iwe unoti, “Hama Branham, munenge mati nyanyisei.”

¹³⁵ Jesu akati, “Mumazuva aNowa kwaive nevasere vakaponeswa. Sezvazvaiva mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava mukuuya kweMwanakomana wemunhu.”

¹³⁶ “Vangani ivavo, Hama Branham?” Vanogona kuva zviuru zvisere, vanogona kuva mamiriyoni masere, handizivi kuti vangani. Asi vachange vari vashoma. Mumwe chete kubva muzviuru zana zvoga-zvoga, kana zvimwe zvakada kudaro, ndingadaro. Zvakanaka.

¹³⁷ Kutenda kwepfungwa, kutenda kwenjere, pasina chiitiko chekuzvarwa patsva, manyawi, chitendwa chemachechi! Kana Mweya Mutsvene wechokwadi urimo mukati, Unotsinhira Shoko iroro; uye Shoko iroro richararama chaizvo sezvaRakati Richazoita, nekuti ndiWo Mweya mumwe chete wakaRitaura, uri kuRitaura kuburikidza nemauro. Rinofanira kurarama. Zvirokwazvo, ndizvozvo. Handiwe unotaura, asi Baba vanogara mamuri, Ndivo Vanotaura. Zvakanaka.

Abrahama, mudyi wenhaka yezvinhu zvese.

¹³⁸ Inini, pandakazadzwa neMweya Mutsvene sezvamakaita imi vanhu, ndinofarira kufamba ndichichipfuura, zvino, semuchitoro chikuru, zvese zvirimo ndezvangu. Ini ndiri mudyi wenhaka yazvo zvese. Uye kana ndikapihwa nhaka yechitoro chakakura, ndi—ndinoda kuziva zvandinenge ndave nazvo. Pandakava Mukristu, ndaida kuziva zvaive zviri zvangu. Saka dai ndaive nechitoro chikuru, ndaifambamo, ndovhura dhirowa ndoona kuti munei umu, uye ndotarisa neche *apa* ndoona kuti munei imomo; chimwe chinhu chinoita sechakakwirira zvishoma kumusoro uko, ndinozvitorera manera ndokwira kwachiri. Ndaizoziva kuti chimbori chii. Pakaita chinhu chandinenge ndisisavikire ipapo, ndinopfugama ndotanga kunamata kusvika ndasimukira kusvika pachiri. Ndechangu! Mwari vakachivimbisa. Kupodza kwaMwari, Simba raMwari, minana yese iyi nezviratidzo nezvishamiso, Vakazvivimbisa.

¹³⁹ Woti, “Hama Branham, zvinhu izvi zvinomboshanda sei?” Nevimbiso yaMwari. Amen.

¹⁴⁰ Mbeu yaAbrahama! Kubwinya! Ndiri kunzwa zvakanaka. Ndinogona kutaridzika sendinopenga uye nekuita sendinopenga, asi ingondiregai ndakadaro. Ndiri kunzwa zviri nani nenzira iyi kupfuura zvandaive kune imwe nzira. Maona?

¹⁴¹ Chitsauko 14, tiri kuenda kuna Abrahama, zvino tinoona muchitsauko 14 zvakaatika. Madzimambo akauya achibva kumativi akasiyana enyika, vakaita chibvumirano chekubatana nemadzimambo eSodhoma, vakapinda vakatora Sodhoma, ndokutora Roti; hama yaAbrahama munaShe, ndokumutora vachibuda naye, hama yake yesangano inongodziya, ndokuenda naye. Zvino, rangarirai, Mwari vakanga vachangobva kuudza Abrahama kuti zvinhu zvose zvaiva munyika iyi zvaiva zvake.

142 “Uye vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika.” Munoti tinopenga? Tiri kuzitora nyika, zvinhu zviripanyika! Chokwadi, tiri vadyi venhaka yayo.

143 Tarisai kuna Satani, akati kuna Jesu, “Kana ukawira pasi ukandinamata, ndichaKupa nyika ino.” Humambo hwese hunotongwa nadhiabhore, hwose zvahwo. Jesu akadaro. Bhaibheri rinozvitaure. Rudzi rwose nehumambo hwese hunotongwa nadhiabhore. Uye Satani akati, “Ndini muridzi wadzo. Idzi ndedzangu. Ndichadzipa kwaUri kana Ukandinamata.”

144 Jesu aiziva kuti Achava Mugari wenhaka yadzo muMireniyamu, saka Akati, “Tbva shure kwaNgu, Satani.” Aiziva kuti Aiva Mudyi wenhaka yadzo.

145 Uye nhasi vanotaura nezvevanhu vanopenga vanonamata Ishe pamwe nekuzvarwa patsva. Vanozvitya izvozvo “zvekuzvarwa patsva.” Havatongodi pfungwa iyoyo, zvino vakatsivanisa nechimwe chinhu panzvimbo yakwo. Mumwe wavo akatsivanisa nekukwazisana maoko; mumwe wacho, kakusasa nemvura zvishoma; mumwe wacho, anobuditsa rurimi rwake kunze kuti atore kachimedu kechingwa; mumwe wacho, anotamba achitenderera pasi. Ndiko kuzvarwa! Sezvandakataura humwe husiku, “Kuberekwa kune huchapa, handinei nekuti zvaitikira kupi. Mungava muri mudanga renguruve kana mukamuri yemuchipatara, kuzvarwa chete, kune huchapa.” Ndizvo zvakaitawo Kuzvarwa patsva, Kunokubvarura-bvarura, asi kubva muhuchapa ihwohwo panobuda Hupenyu hutsva. Amen. Hongu.

146 Abrahamu akaziva kuti zvinhu zvose zvakanga zvirizvake, saka naizvozvo Roti paakapinda, akati, “Zvino chimbomirai zvishoma.” Roti akatorwa nemaoko ane hutsinye emuvengi. Akati, “Iyi ihama yangu, uye ndichatomutevera chete.” Zvino rangarirai, paive nemadzimambo manomwe kana masere akange aendako pamwe chete, uye ndokudzikako ndokutorwa zvose ndokubuda nazvo kunze. Zvino pavakabuda kunze, Abrahamu akatora varanda vake akamutevera, kuti anotora ogodzoka nehama yake iyi yanga yarasika. Ndiye Mukristu chaiye, akatevera hama yake yakarasika! Chii chaakaita paakamuwana? Akauraya madzimambo; ndokudzoka, achiunza hama yake, mushure mehondo.

147 Tarisai, kwakava nemumwe Mambo akabuda kuzosangana naye, pakudzoka, Merkizedheki. Merkizedheki, Aiva chii? Akanga asina baba, Akanga asina amai. Haana kumbozvarwa, haAmbofe. Asina baba, asina mai, asina mavambo emazuva kana magumo ehupenyu. (Akanga asiri Mwanakomana waMwari; nekuti Aiva naBaba naamai, zvese akazvarwa nekufa, akamuka zvakare.) Asi Murume uyu haana kumbova nababa

kana amai, iYe ndiMwari! Zvirokwazvo, ndiCho Chinhu chega cheKusingaperi.

¹⁴⁸ Uye Akasangana naAbrahama mushure mekunge hondo yapera, achiratidza kuMbeu yaAbrahama; mushure mekunge tatevera hama yedu yakawa, uye hondo yapera. Merkizedheki akapa chii? Waini nechingwa, chirairo. Amen. Kana hondo yapera, hama! Ndokudzoka, achidzosa hama yake yakarasika kumusha zvakare, achimudzoserazve. Zvino hondo payakapera, Merkizedheki akasangana naye ndokumupa chirairo. Jesu akati, “Handizodyi kana kunwa chibereko chemuzambiringa kusvikira ndachidya patsva nemi muHumambo hwaBaba vaNgu.” Hongu, changamire. Zvino hondo yakanga yapera, Abrahama akanga adzoka, chitsauko 14; zvino Mukundi ndokusangana naye, paakanga achiuya neMukundi.

¹⁴⁹ Genesi 15 zvino, tisati tavhara, nekuti yave nguva yekuvhara zvino. Teererai pane chimwezve chinhu tisati taenda.

¹⁵⁰ Uye ndichafanira kuzosimudzira mangwana manheru zvakare, nekuti handisati ndasvika pachidzidzo changu, kusvika panzvimbo yangu, pana *Jehovha-Jire*. Ndinoda kuisvitsa zasi ikoko, kana Ishe vachida.

¹⁵¹ Zvino pachitsauko 15, ndine pano pakanzi sungano yakasimbiswa kuna Abrahama, kusimbiswa kwesungano. Nemamwe mashoko, ndeapo pakapikwa naMwari, zvakare Mwari pavakaita vimbiso uye vakasimbisa vimbiso kuna Abrahama. Muchitsauko 15, tinoona kuti, kusimbiswa kwemhiko yakataurwa naMwari.

¹⁵² Abrahama akati kuna Mwari, “Mudyi wenhaka yeimba yangu achiri Eriezeri uyu weDhamasiko.”

¹⁵³ Zvino Vakati kwaari, “Asi uyu haasi iye mudyi wenhaka yako, nekuti ndeuyo anobva muura hwako ndiye mudyi wenhaka yako.” Uye Vakamuvimbisa.

Akati, “Izvi ndichazviziva sei?”

¹⁵⁴ Oo, zvino, hama, hechino chimwe chinhu chichakumutsai! Mutarisei. Vakati, “Enda unoNditorerera sheche yembudzi ine makore matatu, tsiru hadzi, rine makore matatu, negondohwe rine makore matatu.” Zvino Abrahama ndokuzvitora, nenjivamutondo mbiri. . . njivamutondo nehangaiwa.

¹⁵⁵ Zvino, njivamutondo nehangaiwa izvi zvine humiririri; mhuka idzi dzine makore matatu, uye dzaive dziri nhatu. Zvino Vari kuzoita sungano, kusimbisa sungano. Zvino nyatsoteererai, musazvipotsa. Uye tichazosimudzira mangwana manheru paVachasangana naye pano zvakare, Ishe vachitendera. Tarisai.

¹⁵⁶ Zvino Vakati, “Nditorerere tsi—tsiru remakore matatu, nesheshe yembudzi yemakore matatu, negondohwe rine makore matatu, hangaiwa, nenjivamutondo.”

157 Zvino Abrahamama akaenda ndokutora mhuka idzi, ndokudzidambura nepakati akadziradzika, nhindi nenhindi; asi njivamutondo nenjiva, haana kupatsanura njivamutondo nehangaiwa. Njivamutondo nehangaiwa ndezverudzi rwumwe chete. Saka dzaimiririra kupodza kwaMwari, izvo musungano dzose dziri mbiri kunouya nekutenda, munoono, kuti vanopodzwa; kuchibva kune imwe kuenda kune imwe, imwe yacho. Kana sungano yekare yakanga ine kupodza kwaMwari mairi, ko ino iYi ine kwakakura zvakadii! Munoono, kana chibairo chekare chaive nekupodzwa, ko chino iChi chiri nani nekure! Maona?

158 Zvino, asi cherechedzai zvaakaita pano. Akatora mhuka idzi nhatu ndokudzidambura nepakati, akadziradzika, dziri nhindi pane imwe nhindi. Ipapo Abrahamama ndokudzoka. Zvino, ndicho chaiva chibayiro. Akaramba akarinda kusvikira zuva rave kunonyura. Uye shiri dzakauya pasi dzichibva mudenga, pachibairo chaAbrahamama, magora. Abrahamama ndokudzidzinga, akadzitandanisira kure.

159 Uyu mufananidzo wei? Mbeu yaAbrahamama muzuva rekupedzisira, ichidzinga madhimoni kubva paChibairo, kudzingira kure kubva pane Chibairo. Mwari vakazvivimbisa, Chibairo, Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye yose iyo mweya isingatendi ichiedza kuChidya. Munhu waMwari, Mbeu yaAbrahamama, anomira ipapo achidzinga madhimoni, kubva kwaChiri! Kusimbisa sungano zvino, kusimbiswa, kuratidza kuti Mbeu yaAbrahamama mune... ndinoreva Mbeu yehumambo yakavimbika. Rangarirai, mbeu yepanyama yakakundikana, nekuti yakagamuchira murawo panzvimbo yeShoko renyasha. Uye ndizvo zvazviri mune iri “zhowezhowe,” muvaHedheni muzuva rekupedzisira. Asi kune Mbeu, Mbeu yehumambo ine Shoko, inomira yakatendeka, ichidzinga madhimoni, ichiita zviratidzo nezvishamiso zvikuru, ichibvisa kusatenda kwese kure neShoko, ichichengetedza Chibairo chakachena, ichichengeta Shoko riri dzvene, ichiRichengeta richiremekedzwa; kwete kuriisa Rakavhengana nechimwe chinhu, kuwedzera chimwe chinhu kwaRiri; kungozvidzingira kure, womira wakarinda, usingabvumiri chimwe chinhu kuRibata.

160 Zvino cherechedzai, hope huru dzakauya pana Abrahamama, rufu. Zvino shure kwehope huru, akaona vira remoto, rinova gehena, richipfungaira utsi, uko kunofanira kuenda mutadzi wese. Asi kutanga kwakauya kaChiedza kadiki kachena. Cherechedzai kaChiedza kachena aka, kakapinda napakati ndokuparadzana zvbairo izvi, ndokupinda pakati pacho, Mwari vachiita simbiso yeizvo kuburikidza neMbeu yaAbrahamama zvaVaizoita.

161 Zvino, maJudha agara achitenda kuti Mwari vaive Mumwe chete. Uye Mwari Mumwe chete. Asi Vairatidza pano, nezvbairo

zvitatu zvakachena izvi, kuti hutatu hwaMwari huchamiririrwa mune Mumwe chete mune huMwari huri mumutumbi.

¹⁶² Zvino cherechedzai mu—mumazuva ekare, mumazuva echinyakare evekumabvazuva, paiitwa sungano, heano maitiro avaiizviita nawo. Sekuti, tinouya touraya mhuka, topamura mhuka iyi nepakati, tomira tiri pakati pemhuka iyi, zvino ipapo tonyora sungano. Zvino muChina . . .

¹⁶³ Izvo muJapan, kana vachiita sungano, vanотора munyu vomira voita vimbiso yavo, vomwaya munyu mumwe kune mumwe. Ndiyo nzira muJapan, yavanoita nayo sungano, vanomwaya munyu. Munyu chirungiso, munoono. Uye vanomwaya munyu mumwe kune mumwe, ndiyo—ndiyo su—sungano.

¹⁶⁴ Zvino muAmerica, maitiro atinoita sungano, tinobuda kunze tonova nechekutsengerera tichidya, uye togwinhana chishanu, “Ndipe ruoko rwako, chikomana. Tabvumirana here?” “Tabvumirana!” Isungano iyoyo.

¹⁶⁵ Asi munguva dzekare, munguva yaAbrahama, nzira yavaiita nayo sungano yaiva yekuura chibayiro, zvino vomira pakati pechibayiro ichi; uye ipapo, pavaidaro, vainyora sungano pachidimbu chedehwe regwayana, zvino vobva vari bvarura. [Hama Branham vanobvarura chidimbu chepepa kuratidza—Mupepeti] Mumwe aitora chimwe chidimbu, mumwe otera chimwe chacho. Zvino sungano iyi payaisimbiswa nekubatanidzwa, hapana munhu aikwanisa kuitevedzera. Munoono, inofanira kupfekerana, vara nevara, chaizvo sezvayaingova. Izvi zvinoratidza kuti muridzi chaiye wechidimbu ichi ane chimwe chikamu, iyi ndiyo sungano imwe chete, yekuti zvinofanira kuuya pamwe chete zvonyatsopfekerana chaizvo zvimwe chete.

¹⁶⁶ Zvino Mwari vairatidza ipapo kuna Abrahama, kuti kuburikidza neMbeu yake, kuti Mwari pachaVo vaizova nyama uye vozopatsanurwa paKarivhari; uko Kristu, ari Mwari panyika, Akapatsanurwa. Mwari vakaMutsemura nepakati, Mbeu yehumambo yaAbrahama, ndokuburitsa Hupenyu kubva maAri; ndokusimudza Mutumbi, kuti ugare paChigaro chaVo cheushe kuDenga; uye vakatumira Mweya waKe pamusoro peChechi, kuti Chechi inofanira kuva ne—neMweya mumwe chete wakanga uri muna Kristu kuita kuti iuye pamwe chete, zvichiita Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi! Kusimbiswa kwesungano, Mwari vachisimbisa sungano. Mwari vachipatsanura, vachibvarura Hupenyu kubva muna Kristu, Mwanakomana waVo, vachibvisa Mweya kubva maAri; sezvaVakacheka mhuka idzi nepakati, ndokumira pakati pemhuka dzacho. Chiedza, Mwari pachaVo, vakapinda pakati padzo, vachiratidza kuti Vakapatsanura Mutumbi: Mbeu, Mbeu yehumambo; ndokutora Mweya ndokuUdzosera paChechi. Uye

Chechi yanhasi inoenda kunosangana naKristu, inofanira kuva neMweya mumwe chete waAiva nawo, nekuti inofanira kuva Vara neVara, Shoko neShoko. Zvino iYe iShoko! Jesu akati, “Uyo” (chisazita singwi) “anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita iye achaaaitawo zvakare.” Kusimbisa sungano, Hupenyu huri muna Kristu huchange huri muChechi, Mbeu yehumambo yaAbrahama.

¹⁶⁷ Kwechinguvana bedzi, hama, pamusoro Pentekosti. Pavakanga vari muimba yepamusoro...Kana dai makambovako uye mukaona mamiroro azvo chaiwo papurani, madhirowerwo ayakaitwa, vaipotera vachikwidza nepamasitepisi aiva nekunze vokwira muimba yepamusoro. Vaiva nemakenduru madiki emafuta emuorivhi aipfuta. Vaive kumusoro ikoko kwemazuva gumi nehusiku, nemikova yese yakapfigwa. “Zvino kamwe-kamwe kwakauya ruzha kubva Kudenga semhepo inovhuvhuta zvine simba, Yakazadza imba yese mavainge vakagara. Ndimi dzakaparadzana semoto, ndimi dzemoto dzakaparadzana, dzakagara pamusoro pemumwe nemumwe wavo. Zvino vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, vakamhanyira panze muruvanze, vachitaura nedzimwe ndimi.”

¹⁶⁸ Cherechedzai, kuti chii chakanga chiri Moto wakaparadzana uyu? Waive Shongwe yeMoto, Mweya Mutsvene, Mwari, Mutumwa akavatungamirira nemurenje, iYe akaratidzwa pachena pamberi pavo. Mwari vakanga vazvipatsanura pachaVo uye ndokuzvigovera pachVo pakati pevanhu, Mweya Mutsvene, uye pamwe chete tiri Chechi yaMwari mupenyu. Sungano! “Abrahama neMbeu yake inouya shure kwake, Mbeu yehumambo.” Hupenyu chaihwo hwaive muna Kristu, muChechi, huchiita mabasa mamwe chete akaitwa naKristu. Amen. Chinhu chinoshamisa zvakadii, shamwari!

¹⁶⁹ Inguva chete apa, ndiri kutongofanira kuchivhara izvi. Hongu, ndichanonoka zvakananyanya apa. Ndicha...Zvingave zvakana here ndikazvisimudzira mangwana manheru? Ndiri kuda kusvika pana *Jehovha-Jire* zvakananyanya. Asi ndinoda kuti muone kuti chii, kuti nyaya yekuzviti uri Mukristu iyi, hama, yasvika nguva yekuti chechi iwane... Kana Mwari vakaita vimbiso idzi, ndedzechokwadi. Dzinofanira kuzadzikiswa.

¹⁷⁰ Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana. Izvi zvakakwasharara pamwe nekuoma. Zvinocheka-chedeka. Handidi kuita izvozvo. Mushumiri uyu akati kwandiri, akati, “Hama Branham, sei *apa-neapa*, muchiita kadaro?”

¹⁷¹ Ndikati, “Ini handina zvirongwa zvepaterevhizheni zvine rutsigiro rwemari, redhiyo. Ndinongoenda saizvozvi, kwandinogona kuenda chero kupi zvako.” Ndikati, “Ndiani achavataurira ava? Panofanira kuva neizwi pane imwe nzvimbo rinozvitaura.”

¹⁷² Zvino Mwari vari pano, shamwari. Uye kana wakazvidaidza kuti Mbeu yaAbrahamu, wofunga izvo kuti iwe...Zvino rega...Teerera, mweya wako, shamwari. Mweya wako. Usaite fejefeja nawo, nekuti manheru ano inogona kunge iri iyo nguva yekupedzisira yawawana mukana wokuzviita. Kana uchinyara nehupenyu hwako, uchizvidaidza kuti mwana waMwari, asi uchirarama nenzira yawanga uchirarama nayo; uye uchitunga kuti Shoko raMwari nderechokwadi, zvakare iwe uri kukanganisa, ndinoda kuti ungonamata kwekangavana, kumbira Mwari kuti vaongorore hupenyu hwako. Ingonamata.

¹⁷³ Baba Vekudenga, huno hunogona kunge huri husiku hwekupedzisira kune vazhinji vedu. Tinofunga, husiku hushoma hwapfuura muLos Angeles, chembere ine makore makumi manomwe yakagarapo, uye yakafamba ichienda kuartari ikapa hupenyu hwayo kuna Kristu. Usiku ihwohwo ikafira pamubhedha. Nyasha dzaMwari, nguva iyoyo yekupedzisira. Mushure mekurarama makore ese aya asingaMuzive, akabva amudaidza panguva yekupedzisira. Nyasha dzinoshamisa.

¹⁷⁴ Mwari Baba, taurai nemoyo pano manheru ano. Munoziva chinangwa cheizvi. Munoziva, Baba, ino—inofanira kuuya nguva yekuti chimwe chinhu chinofanira kuitwa. Ti—tinoona mamiriro ezvinhu, uye nenzira yazviri kuramba zvichingoipa nayo nguva dzose. Uye tinocherechedza kuti zera rechechi yePentekosti, mumazuva ekupedzisira, iZera reChechi yeRaodhikia, iro roga apo Kristu akabuditswa kunze kwechechi, akamira, achigogodza achiedza kudzokera mukati zvakare. O Mwari, ivai netsitsi.

¹⁷⁵ Uye sekutsiura kwandaita hanzvadzi dzedu manheru ano, Ishe, itaiwo kuti vazive kuti kumashure uko pakutanga, pazvakatanga napo, aive Evha. Uye hezvino zvavepo zvakare. Evhangeri yakauya neShoko, uye kuti akaita sei zvaakaita (uye tarisai nhasi) nekushandisa pfungwa; tarisai amai vake, zvavaifunga kuti zvakasiyana, Bhaibheri rimwe chetero.

¹⁷⁶ Mwari, hama dzedu, sekutaura kwandaita navo zvakakwasharara, Ishe. Ndine shungu, ndi—ndi—ndinovada. Munoziva ndinodaro, Ishe. Nda—nda—ndakapa makore makumi matatu nerimwe pano nekuda kwavo, uye Makasimbisa Shoko reNyū, nezvimwe zvose. Ishe, handizivi chimweze chekuita. Asi kana ndichiona chechi yandinoda, chechi yePentekosti, iyo yakamira shure kwangu ikanditsigira; Mwari, rudo rweChikristu ndirwo rwunoKuitai kuti mudimbure chakaipa kubva kwairi. Rudo ndirwo rwunoita kuti Muite izvozvo, Baba. Munozviziva kuti ndizvo. Uye ndiri kuedza kuudza vanhu, “Musaedze kuenda kunze uko, muchiita zvinhu izvi.” Chi—chiyero chakaderedzerwa pasi, zvino takabuditsa kuburikidza nezvitendwa zvedu zvakasiyana nezvinhu zvatakaunza muchechi, uye nekubva pamazuva

ezvishamiso, kubva pakupodza kwaMwari, kubva pa—panzira iyo vanhu yavanofanirwa kuita nayo pamwe nekupfeka.

¹⁷⁷ Uye Makaita sungano naAdhama, uye imwe naEvha; Makaisa sungano yakasiyana, uye yakasiyana zvachose, uye mukati zvakaipa kuti mudzimai aite semurume. Anenge ari munhukadzi. Anofanira kunge ari mukadzi kwete murume. Asi nhasi anoedza kuva semurume; murume, semukadzi.

¹⁷⁸ Ishe, uye—uye izvi pano chaipo pamazuva ekupedzisira, iko kuno chaiko kuMhenderekedzo dzekuMadokero, ipo pano chaipo pakuguma kwebudiro yevanhu, tinona madzimai achiita huori chaihwo sezvavakaita pakutanga. Zvino hezvoka izvi, zvapinda pakati pehanzvadzi dzedu. O Mwari, izvi zvinongotsemura moyo wangu, Ishe. Uye ndinoziva kana zvichiita kuti ini (mutadzi) ndinzwe saizvozvo, zvinozoitei kwaMuri, kuona kuti zvaatova mwarikadzi. Uye neuku kukwezva meso kwehunaku hweHollywood kwechivi! Uye zvaimbove zvakaipa kuti vaende kumabhaisikopo, dhiyahhore ndokuzvikandira mumba mavo chaimo, uye—uye nemhando dzese dzezvirongwa zvisina kupepetwa, nezvinyadzi mumigwaga.

¹⁷⁹ Zvino, O Mwari, i—inguva yekupenga. Inguva yekukanganisika kwepfungwa. Yave ngu—nguva yekuti munhu haamire omboteerera, nekuongorora. Uye pasi pemyawwi, nezvimwe zvakadaro, vachiri kungozviti Mbeu yaAbrahama. Mwari, Makataura kuti zvichava zvakadaro, mweya ichange iri pedyo nepedyo kwazvo mumazuva ekupedzisira, iine kutevedzera, kusvikira zvava kuda kutonyengera Vasanangurwa, kana dai zvaibvira. Zvino hezvinoka izvi. Mwari, musarega vanhu ava, musarega kana mumwe chete achiita zvakadaro. Ndapota, Baba. Ndinovanamatira, mumwe nemumwe. MuZita raIshe Jesu, zviiteiwo.

¹⁸⁰ Zvino takakotamisa misoro yedu. Ndingatokuitirai chero chinhu. Uye kana ndikapopotera vanhu kuti ndingova nehutsinye, Mwari havangambove neni; Handikodzeri kunge ndiri pano, ndinokodzera kunge ndiri kunze uko ndichitema huni kana kuitawo chimwe chinhu. Asi, shamwari, ichi—ichi ichokwadi, chinzverei muone kana chisiri Gwaro. Uye zvinofanira kuzarurwa muzuva rino rekupedzisira.

¹⁸¹ Zvino wakaperera zvakakwana here? Uri here zvechokwadi, pasi pegoko iri rekunze, pane chimwe chinhu here chechokwadi chaizvo pamusoro pako, chekuti wakazvipira kubvuma kuti uri kukanganisa? Apo misoro yese yakakotamiswa, moyo wese, nokuyereswa kwakadzama kune kurevesa, ungasimudza ruoko rwako here, woti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham. Ndiri kukanganisa. Nenyasha dzaMwari ndiri kuzoruramisa?” Mwari vakuropafadzei, imi, imi, imi. Ndizvozvo, simudza ruoko rwako,

Vanorwuona. Mumabharikoni, Mwari vanokuonai. Simudzai maoko enyu. Muri—muri. . . Ndizvozvo.

¹⁸² Zvino *hepanoi* vamwe venyu imi madzimai mugere pano mune bvudzi pfupi, uye musina ruoko rwenyu rwakasimudzwa. Chiiko nemi imi? Muri kukanganisa! Musaedze kusangana naMwari makaita saizvozvo. Muchatongwa zvezmazvirokwazvo sekumira kwandaita papurupiti ino. Munoreva kuti chechi yePentekosti yava muchimiro chakadaro chokuti ya—ya—yakomba kusvika pakunyara kubvuma kuti iri kukanganisa? Musadaro. Mwari vakuitirei ngoni.

¹⁸³ Ndinotenda. Ivai nekutenda. Regai ndimirire zvakare. Mwari vakuropafadze neche apo, mudikani. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Zvakanaka izvi. Simudza. . . Izvozvo. . . Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo. Unogona kuzvibvuma iko zvino; mangwanani unogona kunge watononoka, awa imwe chete kubva iko zvino unogona kunge watononoka. Mwari vakuropafadzei. Ndiko kuperera. Mwari vakuropafadzei. Iti, “Ndange ndiri kukanganisa.” Zvinitora munhu chaiye wechokwadi kuti abvume kuti ndiri kukanganisa. Ichi chinhu chechokwadi chaicho. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo. Hongu, ramba uchinamata. Mwari vakuropafadzei. Kana ndikapotsa kuona ruoko rwako, iVo havapotse. Vanoziva ndangariro dzese dziri mupfungwa dzako. Ndizvozvo chaizvo. Mwari vakuropafadzei, ndaona ruoko rwenyu. Zvakanaka izvi. Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Zvakanaka izvi.

¹⁸⁴ Mwari vakuropafadzei apo, mudzimai wechidiki. Hongu, kushanduka kwenzira dzehupenyu. Zvinhu zvekare izvi zvisati zvaomesa moyo wako mudiki uyu, tendeukira kuna Mwari iko zvino, mudikani. Ndizvozvo, iwe zviite. Ndine mwanasikana mudiki ari neche uko angangoita zera newe. Mwari vakuropafadze, mudikani. Mwari vakuropafadzei. Hongu, Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

¹⁸⁵ Ko iwe, hama? Unonyadzisa, unorega mudzimai wako achiita saizvozvo achipfeka zvikabudura, achipfeka saizvozvo achipinda mumugwagwa. Uchizviti mwanakomana waMwari? Hauzvinyarire here iwe? Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo, bvuma kuti uri kukanganisa. Ehe. Kana iwe. . .

¹⁸⁶ “Uyo anofukidza chivi chake haabudirire; anoreurura chivi chake achawana tsitsi.” Mwari vakuropafadzei. Pane vamwe here? Kumashure mubharikoni, kumusoro uko mubharikoni. Vanokuona kumusoro ikoko. Vanoziva mifungo yese iri mumoyo mako.

Zvino simudzai misoro yenyu kwechinguvana.

¹⁸⁷ Ndiri kuti pane kunge makumi mashanu kana makumi matanhatu muimba ino vakasimudza maoko avo, vaduku nevakuru. Ndatenda. Ndiko kuve mudzimai nemurume chaiye. Ndinokukoshesai. Pane—pane tariro kwauri kana iwe uchitoda kubvuma kuti uri kukanganisa.

¹⁸⁸ Ndisati ndadanira kuartari, ndichanamatira mahengechepfu aya.

¹⁸⁹ Baba veKudenga, mahengechepfu aya anomirira vanhu vari kurwara, vanaamai nanababa vakamirira, vana. Imwe nguva, tinodzidziswa muBhaibheri, kuti vakatora kubva pamuviri waMutsvene Pauro mahengechepfu nemaapuroni. Vanhu vakamuona, vakaziva kuti Mweya waMwari wakanga uri paari. Pauro akarangarira kuti Erisha akaudza mukadzi weShunemi, uyo akaudza Gehazi, “Tora tsvimbo iyi uende unoiisa pamwana.” Aiziva kuti zvaabata zvakanga zvakaropafadzwa. Pauro, vakatora kubva pamuviri wake mahengechepfu nemaapuroni, uye mweya yetsvina ikabuda muvanhu, hurwere hukabva. Zvino, Ishe, hatizi Mutsvene Pauro, asi iMi muchiri Mwari, Mwari mumwe chete.

¹⁹⁰ Rimwe zuva Israeri yakanga iri munzira yayo iri mugwara rebasa, ichienda kunyika yechipikirwa. Uye chimwe chinhu chakaidzivisa kubva kunyika yechipikirwa, Gungwa Dzvuku. Mumwe munyori akati, “Mwari vakatarisa pasi nemuShongwe yeMoto, nemeso ane hasha, uye gungwa rikatywa, uye rikakungurutsa madziro aro rikazarura nzira yakaoma kuti Israeri iyambuke ichienda kunyika yechipikirwa.”

¹⁹¹ Mwari, kana mahengechepfu aya azoendeswa kune vanorwara nevanotambudzwa, dai Mwari veKudenga vakatarisa pasi nemuRopa reMwanakomana waVo pachaVo, uye dai dhiyahore, uyo akavabata nehurwere, atye uye aenda kure apo mahengechepfu aya ezviratidzo zvemusangano uno manheru ano, apo Shoko neChokwadi zvaratidzwa; vanorwara nevanotambudzwa ngavapodzwe; moyo yakaputsika, uye ichidzika kuImba yeMuumbi mumaminitsi mashoma anotevera; itai kuti dhiyahore aende, uye vanhu vagoyambuka vachipinda munyika ine hutano hwakanaka hwavakavimbiswa naMwari. Ndinotumira mahengechepfu aya, muZita raJesu Kristu, nechinangwa ichocho. Amen.

¹⁹² Uye Mwari vanoziva moyo wako. Vanoziva chinhanho chako. Kungoratidza; zvakare regai ndikuudzei, pane boka guru revanhu vari muno vasina kusimudza maoko avo, avo vaifanirwa kunge vasimudza. Zvino, kana ndikakudaidza kubva papuratifomu ino, kutaura kuti ndiwe ani, zvinokuvadza manzwiro emumwe munhu. Zvino, makandiona ndichizviita izvozvo kakawanda. Ndakaona kuti, Jesu akati, “Regai masora negorosi zvikure pamwe chete. Ngirozi dzichauya dzosunga masawi dzoapisa, kutanga.”

193 Uye inguva yekusunga zvino. Mumwe nomumwe wavo ari kupinda mumubatanidzwa wemachechi, masangano ose. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Sangano reNyika, Kanzuru yeMachechi, sangano rose richipinda mazviri chaimo, chinhu chikuru chiri kuitika. Vese vachidzokera kuRoma sekuvimbisa kwavakaita, “mufananidzo wakagadzirirwa chikara,” simba racho, mubatanidzwa wemachechi, zvingori chaizvo zvakataurwa naMwari kuti zvichaitika. Havoka avo, vachikuregai muchienda, uye vachikuudza kuti zvakana kuita *izvi*, uye vachitya kutaura chero chinhu pamusoro pazvo, kutya kuti zvichavadamburira muhoro pane imwe nzvimbo.

194 Regai ndikuudze chimwe chinhu, hama yangu, hanzvadzi, Mwari ngavakuratidzei kuti ndinokudai. Haisi nyaya yekungoda kuve wakasiyana; ndeye kuva pachokwadi. Usatore kana mukana mumwe chete zvawo. Iwe haungapinde robhoti dzvuku, nekuda kwemutumbi wako. Ko munhu wako wemukati? Usayambuka rimwe remarobhoti matsvuku aMwari.

195 Vamwe venyu vari kurwara. Tendai nemoyo wenyu wese. Mumwe munhu akaperera pakuwana chimwe chinhu, ingova nekutenda. Ndichakuratidzai kana chaizvo Vari, kuti ichi iChokwadi here kana kuti kwete. Abrahama, munorangarira Mutumwa akauya kwaari nezvaAkaita? Honai kana chisiri chinhu chimwe chete.

196 Pane mudzimai mudiki akagara ipo pano, kunze kuno chaiko, ane kenza. Ane bundu, uye ari kugadzirira kunovhiyiwa. Akanditarisa iko zvino, ane chuma chitsvuku muhuro make. Munobva kuPortland. Asi kana muchida. . .Kana zviriro izvo, simudzai ruoko rwenyu. Ndizvozvo. Maona? Handikuzivei, tiri vatorwa. Asi ichi ichokwadi. Zvino ungagara wakati tekeshe sei ipapo, uine kutenda kwakakwana kwekubata nguwo yaKristu apo Mutumwa uya weChiedza auya pauri saizvozvo, nyasha dzaMwari? Zvigamuchirei, mudzimai. Zvitendei. Kwete izvozvo zvega, asi tendai Vhangeri rose.

197 Pano pagere mumwe mudzimai akagara kumashure chaiko kuno. Tarisa pano, mudzimai. Muri kurwara nedambudziko rehura. Tendai nemoyo wenyu wese. Hongu, muri mutorwa kwandiri. Tendai nemoyo wenyu wese, mupodzwe.

198 Pane murume akagara pedyo nemi, anofanira kuenda kumba. Haachakwanisi kugara kwenguva refu. Ane dambudziko nenzeve dzake. Ane dambudziko ne. . .Akamboita dzihwa, uye rikakonzera chikosoro. Haasi kukwanisa kuchikurira, zva—zvakaaita sokunge pa—pava nekuvhiringidzika kuzhinji kwapinda. Ndizvozvo, changamire. Imi munoshanda pane imwe mhando yefekitari sekunge yemabhambho ezvitundumusere kana chimwe chinhu chakadaro. Muri kufanira kudzokera kubasa kwenyu. Ndiri mutorwa kwauri. Kana zvinhu izvi zviriro zvechokwadi, simudzai ruoko rwenyu. Zvakana. Kana muine

kutenda kwakakwana kwekubata Ishe Jesu, madii kuva murume chaiye uye muzvitende nemoyo wenyu wese?

¹⁹⁹ Pane mudzimai akagara kumashure uko, ane rumwe rudzi rwechirwere cheganda pamaoko ake. Haatombozive kuti chimbori chii. Chiremba havatombozive kuti chimbori chii. Ava nacho kwemakore nemakore. Oo, ari kuzozvipotsa, semazvirokwazvo ari nyika. Muzvare Daniels, McDaniels. Hezvoka izvo. Ida McDaniels, tenda nemoyo wako wese. Handimuzive mudzimai uyu, handisati ndakambomuona. Asi hecho Chiedza pamusoro pake.

²⁰⁰ Chimbori Chii ichocho? Anokuziva! Uye Anoziva kuti uri kukanganisa! Mwari vamwe chete vari kutaura kuburikidza neni nenzira iyi, vari kutaura kuburikidza neni nemuShoko.

²⁰¹ Zvino, munhu wese ari muno anocherechedza Hupo hwaMwari, uye uchiziva kuti wanga uchikanganisa, ngatiuyei kuartari iko zvino. Huyai kuno kweminiti, regai ndikunamatirei. Kana uchiziva kuti wanga uchikanganisa, uchida kureurura kuti uri kukanganisa. Uchida kuva Mukristu wemazvirokwazvo kubva zvino zvichienda mberi, huya pano partari. Handisi kungoda chete kudaidza zita rako, ha—hazvingazovi zviri seChikristu. Kumusoro uko mubharikoni, burukai zasi, uyu ndiwo mukana wenyu. Burukai zasi iko zvino! Huyai kuartari, uti, “Ndiri kuuya, Ishe.” Mutadzi, iwe famba nzira yako uchiuya kuartari, uyu unogona kunge uri mukana wako wekupedzisira. Haungauye here zvino isu tichi...apo organ iri kuridzwa zvakaivonaka, “Ndiri kuuya, Ishe, ndiri kuuya iko zvino kwaMuri.” Zvakanaka, munhu wese imba zvino.

Ndiri kuuya, Ishe!

Kuuya zvino kwaMuri!

²⁰² Haunga uye here? Buruka zasi kubva mubharikoni, dzika pasi. Huya kuno. Ko kwamuri, imi vanhu vanozviti Makristu, Mbeu yaAbrahama? Mwari vakuropafadzei, madzimai. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi dzangu. Hongu. Mwari zvirokwazvo vachazviremekedza. Makatendeka. Pamwe mufundisi wenyu akatadza kukuudzai izvozvo. Endai kumba monotora Bhaibheri renyu, mugoona kuti ndizvo here, kana kuti kwete. Munozviziva kuti ndizvo, ndisati ndatombotaura chero chinhu. Imi madzimai echiPentekosti, hamaizozora pendi kumeso nekuda kwechimwe chinhu. Hamuna muBhaibheri pamusoro pekupenda kumeso; Jezebheri ega, akagadzira chiso chake nezvimwe, nependi nezvakadaro. Asi muBhaibheri mune nezvekunge muine vhudzi rakareba, “Chinhu chisina kujairika kuti mukadzi anotonamata akagerwa musoro, akagurwa vhudzi.”

...kwaMuri!

²⁰³ Unoda kugadzirisana naMwari, muHupo paVari pano? Huya kuno! Simuka, uVamiririre! Mira netsoka dzako uuye zasi kuno, uti, “Ndiri kuuya. Ndiri—ndiri kuzozviratidza. Ndinoda kuti

nyika yese izive kuti ndanga ndichikanganisa, uye ndinoda kuva ndakarurama pamberi paMwari.” Huya kuno izvozvi!

Ndiri kuuya, Ishe!
 Kuuya zvino kwaMuri!
 Ndishambidzei, ndichenesei muRopa
 Rakayerera richibva paKarivhari.

Zvakare, munhu wese!

Ndiri kuuya . . .

Huya. Pane vakawanda kunze uko, rangarirai. Hongu, ndizvozvo.

. . .ini, ndichenesei muRopa reNyu
 Rakayerera Richibva paKarivhari.

²⁰⁴ Kune vanhu vachiri kuuya, rambai muchinamata. Zvino, shamwari, ini handisi pakugombedzera kwakanyanya. Ndinotenda kuti Shoko rinoita basa raRo paRinoenda kunze uko. Usagomereswa Mweya Mutsvene. Unogona kunge uri mukana wekupedzisira wauchazombove nawo; ndinovimba kuti hausi. Iwe unoziva zvazvinoita kukuona iwe paunobvuma kuti uri kukanganisa? Zvinotaura kwandiri kuti pane chimwe chinhu chemazvirokwazvo imomo, chokuti unonyatsoda kuita zvakanaka. Iye zvino neogani yega, zvisihoma nezvisihoma kana muchikwanisa, apo ini ndichitaura. Huyai kuno, vanhu, chingouyai kuno. Ndiri kuda kuti murambe muchiuya. Munoziva here zvaitwa nevanhu ava? Vazhinji ava inhengo dzechechi ino kubva pamavambo, uye vanoziva kuti ndataura Chokwadi.

²⁰⁵ Kwete *ini*. Sezvakangoita Mosesi paakaenda zasi kuya kunoudza vanhu nezvaShe; uye Ishe, pasi peShongwe yeMoto, vakasimbisa Shoko uye vakaratidza kuti Rakanga riri rechokwadi. Shongwe yeMoto imwe cheteyo iri pano nesu. NdiKristu mumwe chete, ari kuita zvimwe chetezvo kuzera reMarudzi, sezvaAkavimbisa kuita.

²⁰⁶ Zvinoita kuti nditende chii? Kuti uri kurevesa mumoyo mako. Chii chakuita kuti usimuke netsoka dzako? Nekuti chimwe chinhu changa chakakupoterredza, icho chati, “Uri kukanganisa.” Zvino ndiMwari, nekuti vamwe munonzwa kunyara kumira pano saizvozvo pamberi pevanhu, mushure mekureurura. Asi zvinoratidza kuti ichi Chinhu chechokwadi Chati, “Uri kukanganisa,” uye Chauya neShoko, kuburikidza nekunzvera zvakananzika. Kuburikidza . . .

²⁰⁷ Ko zvipo izvi zvinotumirwa kuchechei kuzoitai? Chipa chekutanga chii? Chii chekutanga? Vaapostora (anova mumishinari), vaporofita, vadzidzisi, vafundisi, vavhangeri. Vese varipo pakukwaniswa kweChechi.

²⁰⁸ Uye Shoko raShe rinouya kupi, kuna ani? Shoko raShe rakauya kumuporofita, nguva dzose, harina kumbobvunzwa. Kwete chipa chekuporofita; chipa chekuporofita chiri

pane mumwe, uye nepane mumwe wacho. Muporofita anoberekwa, akafanotemerwa naMwari. Jesu Kristu akanga ari Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waMwari akafanotemerwa. Isaya akataura zvaJohane, Johane Mubhabhatidzi, makore mazana manomwe negumi nemaviri asati azvarwa, akanga ari “inzwi reuyo anodanidzira ari murenje.” Mwari vakati kuna Jeremia, “Iwe usati watombumbwa mudumbu ramai vako, ndakakuziva uye ndikakuita mutsvene, ndikakugadza kuti uve muporofita kumarudzi.” Uye pamunoona vaporofita vachionekwa, kutongwa kwave pedyo.

²⁰⁹ Zvino, “Kutongwa kunotangira muImba yaMwari, nevanhu vaMwari.” Iye zvino tiri kukanganisa! Takaita zvisiri izvo. Uye ndinotenda kuti ava vagere pano manheru ano, ndiyo Mbeu yaAbrahama uye yakafanotemerwa kuChiedza chaMwari kuti chivhenekere pairi; kana Chiedza chairova, vanomira. Pane chimwe chinhu chinofanira kuitika, iwe uripo ipapo! Zvino mave pano, ngatikotamisei misoro yedu tichireurura zvakaipa zvedu.

²¹⁰ Shamwari mutadzi, kana wakamira muboka iri pano, zvokuti pane vamwe, une nyadzi pauri; asi maropafadzo kwauri zvino, iwe wazvigamuchira, ukazvitenda nemooyo wako wese.

²¹¹ Imi Makristu, imi madzimai vanoziva, ndinotenda kuti muri madzimai akanaka. Mwari vakuropafadzei. Ndinozvitenda izvozvo. Mwari vanogona kuratidza manzwiwo emoyo wangu kwamuri. Handidi kunge ndine hutsinye kwamuri, hanzvadzi; ndine mudzimaiwo, zvakare, uye nevanasikana va—vaviri vaduku. Ndinokudai sehanzvadzi yangu.

²¹² Uye, hama, ndanga ndisingadi kukurwadzisai, asi dzimwe nguva kakuzunguzwa neShoko kanokubatsirai.

²¹³ Zvino, kana tiri kukanganisa, ngatitii tiri kukanganisa. Uye pane—pane nyasha, dzakawanda, kwatiri manheru ano. “Uyo anoreurura zvakaipa zvake, pane tsitsi kwaari. Uyo anovanza chivi chake, haambofa akabudirira.” Chivi chako chii? Kusatenda kwako. Kana ukakuviga pasi, uchiti, “Handiti, ini ndakangonakawo sevamwe vese ava.” Uri kukanganisa. Uye hauzombofa wakafambira mberi kudarika pawafamba iko zvino. Ucharamba wakadaro, haufe wakaenderera mberi kusvikira wayambuka chidziviso ichocho wogadzirisa. Rangarira, haugone kuzviita; unotofanira kufamba napamusoro peShoko raMwari.

²¹⁴ Uye chero bedzi iwe uchirarama chete, uchagara uchirangarira izvi. Zuva rakarebesa raunorarama, ucharangarira husiku huno. Rangarirai, ndiri kukuudzai ZVANZI NAJEHOVHA! Ndanga ndakagara musango masikati ano, ndichinamata, Vataura neni pamusoro peizvi zviri pano,

ndokuti, “Zvitaure uye uzvidane, uye iNi ndichakuitira chimwe chinhu.” Zvino hezvinoi izvi.

Zvino ngatinamatei.

²¹⁵ Baba Vekudenga, mukuremekedza uye mukuperera pakamira vatadzi muungano ino iko zvino. Vakasimuka kubva pachigaro chavo ndokufamba vachiyaya kuno, kuti vangoreurura. Pane Makristu auya, achireurura.

²¹⁶ Hedzinoi hanzvadzi diki dzakakosha dzavhenekerwa neChiedza padziri, zasi pakadzika mumoyo mavo vaziva kuti vanga vari kukanganisa, vaziva kuti Bhaibheri rinodzidzisa zvinhu izvozvo, uye vari kuda iko zvino kuzvisiya zvese.

²¹⁷ Hedzino hama dzakamira pano, hama dzinokosha, vanakomana vaMwari mupenyu, avo, kuburikidza nechitendwa nemamiriro ezvinhu anongodziya, vakadzungaira vachipinda munyika. Vari kudzoka manheru ano, Baba. Vari kudzoka. Vari, hevano vari pano.

²¹⁸ Zvino, Baba, tinocherechedza kuti pavamira netsoka dzavo, vakunda; vese vesainzi, vanoti haugone kuuya mberi, wakasungirirwa pasi. Asi pavasimudza maoko avo vachifamba nekuno, vakaratidza kuti mavari mune Mweya wagona kuita sarudzo. Vatora sarudzo yaKristu.

²¹⁹ Jesu, heanoi Mashoko eNyu pacheNyu, zvino ndichangoataura kwaMuri.

²²⁰ Ndiri kukupai vanhu ava manheru ano, semuranda weNyu. Ndaita chaizvo sezvaMandiudza kuti ndiite, nhasi musango, uye hezvinoi chaizvo zvaMati zvichaitika. Uye pane zvapupu zvezvinhu izvozvo, zvimire pano. Kuratidza Hupo hweNyu—hweNyu, Mapfuura nemuungano, muchiudza vanhu kuti ndivanaani uye kuti ndekupi...zvavakaita, nezvimwe zvakadaro, kuziva vanhu, mazita avo, uye kuti ndivanaani uye nezvavakaita, dambudziko racho.

²²¹ Uye zvino Makati muShoko reNyu, kuti, “Uyo achaNdipupura pamberi pevanhu, iye Ndichamupupurawo pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene. Uyo anonyara neNi pamberi pevanhu, iye Ndichanyarawo naye pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene.” Zvino hanzvadzi idzi nehama idzi vamira manheru ano pamberi penhengo dzavo nevakufundisi vavo, nevadikanwi vavo, kutaura izvo kuti—kuti havanyare neMi, asi vanonyara nemaitiro avakaita. Zvino ndine chokwadi, Ishe, kuti Munovaregerera. Makazvivimbisa. Imi makati, “Uyo anoreurura zvivi zvake, anowana tsitsi.” Uye vari kuzvireurura, uye vachawana tsitsi. Uye iMi Munogona kupodza vanorwara, mukati, “Hazvisi nyore here kutaura kuti, ‘Zvivi zvako zvaregererwa,’ sezviri ‘Takura nhowo yako ufambe?’”

²²² Ini ndinotora ava. Ndi—ndinotora mumwe nemumwe wavo, Ishe. Ndaedza kuKumiririrai makore ese aya, uye

neShoko reNyu. Uye vaKumiririraiwo manheru ano, zvakare ndinovatora. Ndinovabvisa mumazino enyika, uye ndinovaisa kwaMuri, Ishe Jesu. Ndivo mikombe yeMharidzo manheru ano, yeShoko raMwari. Vachengetei, Mwari Samasimba, pasi peSimba reNyu Dzvene. Ngavakure, Chiedza chaMwari ngachivheneke muhupenyu hwavo. Dai varume nemadzimai ava, Ishe, vatanga kukura musimba nemukukwanisa kweMweya Mutsvene. Ngapaitike chimwe chinhu chichashandura machechi avo ose uye—uye nemunharaunda yese yavari mairi. Zviiteiwo, Ishe. Ndinovapa kwaMuri, ndeveNyu. Ndivo—ndivo mikombe yeshumiro manheru ano, yeShoko raparidzwa. Ndinotora hupenyu hwavo, nemuZita raJesu Kristu. Ndinoda kuzosangana navo kune rimwe divi, pavanenge vasisafe, vadzokera kuva majaya nemhandara zvakare, uye vave vechidiki vachiyevedza nekusingaperi. NdeveNyu, Baba. Mikombe iyo Mwari vapa kuMwanakomana vaVo, Kristu Jesu, kubudikidza nesimba reHupo hwaVo uye neShoko raMwari. NdeveNyu, Baba. Ndinovapa kwaMuri, muZita raJesu Kristu; uye nekutora hupenyu hwose, hupenyu hwose hwakamira pano. Kureurura kwese kwagamuchirwa, chivi chese charegererwa.

²²³ Uye munhu wese akamira pano, ndi—ndi—ndinonamatira simba reMweya Mutsvene mavari, vagoita, pakuita izvo zvakanaka, zvigovabatsira munguva ino yerima apo nyika yakazara nezvinoyevedza. Zvakare, O Mwari, ndibatsireiwo mangwana manheru, kuti—kuti ndiuye nazvo zvachena uye zvakajeka kwavari, Ishe; uye vagosunungurwa kubva mukuyevedza kwenyika ino, kuti vange vakagadzirira kusangana naKristu panguva yeKuuya kwaKe. Zviiteiwo, Baba. TinoKutendai zvino.

Zvino takakotamisa misoro yedu.

²²⁴ Mumwe nemumwe wenyu akamira netsoka dzake, handitende kuti wangouya kuti ungoona, nokuti wauya pasi pekuparidzwa kweEvhangeri rakakwasharara, rakaoma, rinocheka. Asi unotenda kuti Jesu akataura izvo kuti, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, uye vose vandakapiwa naBaba vachauya.” Zvino iri iShoko raMwari rakasimbiswa. Vakaudza Abrahamu, Vakavimbisa uye vakapika kumhiko, zvino pano wanzwa Izwi raMwari manheru ano uye wauya pamusoro penheyo iyoyo. Iwe unotofanira kuregererwa! Uye imi mose zvigamuchirei uye muzvitende kuti Mwari vanokuregererai pakukanganisa kwenyu, uye kubva manheru ano zvichienda mberi, nenyasha dzaMwari, muchaVararamira kwehupenyu hwenyu hwese, uye moita zvese zvinodzidziswa neBhaibheri iri kuti muite, uye motenda kuti Mwari vanokupai nyasha dzekuzviita iko zvino, nekukuregererai zvamakaita kumashure; simudza ruoko rwako, uti, “Ndinozvitenda nemoyo wangu wese.” Mwari vakuropafadzei.

225 Imi mose Makristu kunze uko munodada navo, itai, “Mwari ngavarumbidzwe, nekuda kwavo!” [Ungano inoti, “Mwari ngavarumbidzwe, nekuda kwavo!”—Mupepeti] Ngatizvitaurei zvakare. “Mwari ngavarumbidzwe, nekuda kwavo!”

Zvino ngatisimukei netsoka dzedu, munhu wese. Ndinoda kodhi yerwiyo:

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
PaKarivhari.

226 Tose pamwe chete zvino, munhu wese ngatiimbei nemaoko edu akasimudzwa. Zvakanaka.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

227 Hamunzwe kunge manyatsokweshwa here? Shoko harinyatsokweshwa here nekukuita kuti unzwe zviri nani? Handizvo here?

228 Hamutende kuti ndiri we—we—wenhema, munodaro here? Munonditenda here kuti ndiri weChokwadi? [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti]

229 Ndakatarisa iko zvino Mutumwa uya waShe waNdinotarisa ari pamusoro pevanhu, atenderera nepamusoro peboka iri rakamira ipo pano muchimiro chemuchinjikwa. Mwari vari Kudenga! Mufananidzo mumwe chete uyo imi... Ngirozi yamunoona pamufananidzo, iri pano iko zvino pamusoro peboka iri revanhu ava, iri kungofamba-famba, ndinoramba ndakaItarisa, ichibva panzvimbo ichienda kune imwe. Ndinotenda, kunyangwe, kuti hurwere hwese hwakamira muboka irori hwaenda. Ndi—ndinozvitenda nemoyo wangu wese, kuti chivi chese charegererwa.

230 Ngatingo—ngatingokwazisanai maoko tichiimba hedu “NdinoMuda.”

Ndi...

Itai, “Ishe Ngavarumbidzwe!” [Ungano inoti, “Ishe Ngavarumbidzwe!”—Mupepeti]

...noMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

231 Zvino ngatingoMurumbidzai, itii, “Ishe Ngavarumbidzwe! Ndinokutendai, Ishe Jesu.”

TinoKutendai, Ishe, nekuunza vanhu mukati, kuitira Shoko reNyu. Rinopinza semunondo unocheka nekumativi

maviri, asi Rinonzvera mifungo yemoyo. Rinozvisimbisa. Rinodzingisa nyika, nyama, zvinhu zvenyika kubva pavanhu, uye rinovaita zvisikwa zvitsva muna Kristu. TinoKutendai sei, Baba! Tinokurumbidzai nemoyo wedu wese. NdinoKutendai nekuda kwavo, Ishe. Dai vazadzwa neMweya! Dai Mweya Mutsvene angovatora mukutonga kwaKe, uye dai paita rumutsiro rwechinyakare pakati pemachechi aya, Ishe, urwo rwuchapararira nemunharaunda yese, kwese-kwese rwuchipfuta moto kubudikidza nesimba raMwari. Titumirei pentekosti yechokwadi, Ishe, simba chairo reMweya ridzoke muhupenyu hwevanhu. Zviiteiwo, Baba.

²³² NdeveNyu. Nenyasha dzaMwari, ndeveNyu. Ivo iMbeu yaAbrahama, maererano nevimbiso. Zviiteiwo, Ishe. Vanotenda Shoko reNyu; chese chinhu chinopesana, sekunge chisipo. Vanotenda Shoko nekuti iMbeu yaAbrahama. NdeveNyu, Baba, Chechi yakatemerwa kuti ivhenekere muzuva rekupedzisira. Ndinokutendai, Baba, nekuda kwavo.

NdinoMuda . . .

Simudzai maoko enyu zvino muchiVarumbidza.

Ndi . . .

Uko kumusoro mumabharikoni! Ndizvozvo.

Nokuti ndiYe akatanga kundida

Ndo . . .



JEHOVHA-JIRE 1 SHO62-0705

(Jehovah-Jireh 1)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZAJEHOVHA-JIRE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu China manheru, Chikunguru 5, 1962, paMunicipal Auditorium muGrass Valley, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE

8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org